ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№195 (23.353) ● 2016 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 6, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІУЭКІУЭ Юрий: Тырныауз и вольфрам-молибден къыщІэхыпІэр зэтегъэувэжыным УФ-м зихъумэжынымкІэ стратегие мыхьэнэ иІэщ

КЪБР-м и Іэтащхьэм жэуап яритащ «Интерфакс» хъыбарегъащІэ агентствэм и упщІэхэм

«Сочэ-2016» дунейпсо инвестицэ зэхьихьэшхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым утыку къыщрилъхьащ псори зэхэту сом мелард 380-рэ зи уасэ проекту 60-м нэблагъэ. Абыхэм я зэхуэдитым щІигъур мэкъумэш хозяйствэм пыщІащ. Апхуэдэу транспортым и инфраструктурэм, туризмэм, промышленностым зегъэужьынымкІэ ехьэлІа проектхэри яхэтщ. Зэхьихьэшхуэм республикэр зэрыхэтам къыркІуэхэр КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий хуиІуэтэжащ «Интерфакс-Юг» агентствэм.

- Иджырей томографхэмрэ медицинэм къыщагъэсэбэп адрей Іэмэпсымэщ Іэхэмрэ «Севкаврентген-Д» ООО-м къыщыщІэгъэкІыным теухуа инвестицэ проектыр гъэзэщІэным и лъэныкъэкІэ «Кавказ Ищхьэрэм зегъэужьынымкІэ корпорацэ» акционер зэгухьэныгъэм адэкІэ фызэрыдалэжьэнум тхутепсэлъыхьыт.

- А зэдэлэжьэныгъэм пыщІа проект зыбжанэ щыІэщ. Мы Іуэхущ Іапіэм зыхуэбгъэдэн Урысейм къыщыгъэутыгъуейщ икІи абы хьарзынэу зеужь. Абы и лэжьыгъэр щриГъэжьам гъэ къэс аппарат 50 хуэдиз къыщІигъэкІыу щытамэ, иджы ар хуэди 4-5-кІэ нэхъыбэ хъуащ.

Дэ а предприятэм къэралым и дэІэпыкъуныгъэу ахъшэшхуэ худотуІупщ, налогхэм, нэгъуэщІ Іуэхухэм я лъэныкъуэкІэ худыдочых. Зи гугъу тщІа томографымрэ адрей аппаратхэмрэ къыщІэгъэкІынымкІэ «Севкаврентген-Д» заводымрэ корпорацэмрэ Сочэ щекІуэкІа зэхьихьэшхуэм щызэращІылІа зэгурыІуэныгъэр гъэзэщІэным сом мелуан 600 текІуэдэнущи, абы щыщу сом мелуан 450-р «Кавказ Ищхьэрэм зегъэужьынымкІэ корпорацэм» къыхилъхьэнущ, адрейр «Капиталинвест» ООО-м къыхилъхьэнущ.

Мы проектыр нэхъыбэу зыхуэунэтІар медицинэ Іэмэпсымэу нэгъуэщІ къэралхэм къыщащэхур гъэмэщІэнырщ. Зи гугъу тщІы аппаратхэм хуэдэхэр зэкІэ Урысейм щащІыркъым. Ахэр хирургием, стоматологием, онкологием, травматологием, медицинэм и нэгъуэщІ Іэнатіэхэм къыщагъэсэбэпынущ. Зэман гуэр дэкІмэ, а аппаратхэр СНГ-мрэ Азиемрэ я къэралхэм щащэу щІадзэну я мурадщ. Дэ а предприятэм дяпэкІи къэралым и дэІэпыкъуныгъэ еттынущ, инвесторхэр къэлъыхьэнымкІэ, продукцэр пхыгъэкІынымкІэ зыщІэдгъэкъуэнущ.

- «Этана» полимер къабзэхэр къыщІэзыгъэкІ заводыр щыным теухуауэ дызэрыт илъэсым и щышылэ мазэм контракт иращыпІауэ щытащ Китайм и къэрал корпорацэу тІум. Иджыпсту а уху эныгъэр дауэ екІуэкІрэ?

- Полиэтилентерефталат тонн мелуан 1,5-рэ илъэс къэс къыщІэгъэкІыным тещІыхьа а проектыр Іыхьитіу гуэшауэ ягъэзащІэ. Ящ Іыхьэм хиубыдэу инженер, транспорт, энергетикэ инфраструктурэр зэтрагъэуващ. ЕтІуанэ Іыхьэм хиубыдэу заводым и Іэнатіэ пыуухыкІахэр яухуэу лажьэу яутІыпщынхуейщ.

Китайм щыщ компаниехэр къэралым и Лъэпкъ энергетикэ администрацэм гурыІуащ мы проектыр гъэзэщІэнымкІэ закъыщІигъэкъуэну. Китайм и Экспорт-импорт банкым къызэригъэувам ипкъ иткІэ иджыпсту проектым и экологием, социальнэ лъэныкъуэхэр зэпкърах. А псори зэфІагъэкІыу экологием теухуа докладыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлІэу ягъэхьэзырыну я мурадщ.

Мы проектыр зэрагъэзащІэм и фІыщІэкІэ лэжьапІэ Іэнатіэу 2500-рэ къызэрагъэпэщынущ, республикэм и валовэ щІыналъэ продуктым нэрылъагъуу хагъэхъуэнущ икІи а Іэнатіэм къыпыкІыу ахъшэшхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым къыІэрыхьэу хуежьэнущ.

- Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр зэтегъэувэжьынымкІэ нобэм ирихьэлІэу сыт зэфІэвгъэкІыфа?

- Мы комбинатым теухуа унафэ пыуухыкІа къэралым къыщащтащ - комбинатыр фІэкІыпІэ имыІэу зэтрагъэувэжынущ. Тырныауз и вольфрам-молибден къыщІэхыпІэм Урысей Федерацэм и зыхъумэжынымкІэ хуэгъэзауэ стратегие мыхьэнэ иІэщ. Абы къыщымынэу, мы Іуэхур къыгуэхьпІэ имыІэу пыщІащ станокхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ къыщІэзыгъэкІ промышленностым и зэфІэкІым хагъэхъуэным, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьынымкІэр щІэгъэхуэбжьэным. Тырныауз комбинатым зыхъумэжынымкІэ промышленностыр, машинэ зыщІ промышленностыр, металлургиер, нэгъуэщІ Іэнатіэ зыбжанэ вольфрамкІэ ирикъуу къызэригъэпэщыфынущ.

Щ1ым щІэлъ хъуГуэфІыгъуэхэр къэгъэсэбэпынымкІэ федеральнэ агентствэмрэ КЪБР-м и Правительствэмрэ зэращІылІа Іэгугъуэныгъэм тету мы щІыпІэм щыІэ гъэтІылъыгъэхэр зыхуэдизыр къапщытащ икІи Тырныауз вольфрам-молибден къыщІэхыпІэр зэтегъэувэжьынымкІэ технико-экономикэ документхэр ягъэхьэзыращ. Абыхэм ящхьэ иткІэ ягубзыхуащ мы щІыналъэм щыІэ хъуГуэфІыгъуэхэр къыщІахьну хуит зэращІ лицензэм пэублэу щІатын хуей уасэр зыхуэдизри.

Руда гъэтІылъыгъэхэр къыщІэзыхьнухэр къыщыхьахьну сату зэпеуэхэр зэрырагъэкІуэкІыну планыр зэхальхьащ. Иджы абы пыщІауэ зыхуеину документацэр Урысейм щІыуэпсым и хъуГуэфІыгъуэхэмкІэ и министерствэм егъэхьэзыр. Сату зэпеуэхэр 2017 гъэм ирагъэкІуэкІыфынущ къальытэ.

Мы проектыр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щІыналъэм щагъэзэщІэну я мурад инвестицэ проект нэхъыщхьэ дыдэхэм хабжащ. Тырныауз комбинатыр зэтегъэувэжьынымрэ егъэжьэнымкІэ инвестор нэхъыщхьэ дыдэу «Ростех» къэрал корпорацэр къэувыну дыщогугъ.

Іэщэр, дзэм къыщагъэсэбэп техникэ хэхар щІыныжьмкІэ вольфрамымрэ ар зыхэлъ металлхэмрэ икъукІэ мыхьэнэшхуэ зэраІэр къалъытэри, гъатхэпэ маздм мы Іуэхум щытепсэльыхьащ УФ-м и дзэ-промышленнэ коллегием техническэ химиемрэ материалыщІэхэмкІэ и советым и зэІущІэм.

Зэрыщыту проектым сом мелард 17 текІуэдэнущ. Комбинатым и Іэнатіэ зыхьащхьэхэм щІыху миным щІигъум лэжьапІэ щагъэтынущ.

- Иужьрей зэманым республикэм псынщІэу зыщужь агропромышленнэ комплексым. Мэкъумэш хозяйствэм ехьэлІауэ сыт хуэдэ проектхэр нэхъ гъэщІэгъуэну къэлпытэрэ?

- Іуэхушхуэу жьІпІэ хъунущ помидорыпс щІэгъэпщтыхьауэ тонн мин 33,5-рэ илъэсым къыщІэзыгъэкІыфину консерв заводыр ухэнырщ. Иджыпсту апхуэдэ продукцэ чейхэм иту къэралым щащІыркъым, а ерыскъыпхъэм и процент 90-м щІигъур нэгъуэщІ къэралхэм къраш. Мы проектым и фІыщІэкІэ ар процент 25-кІэ ягъэмащІэфынущ. Псори зэхэту сом меларди 2 хуэдиз зытекІуэдэну ухэнырщ мыгувэу зэфІэкІынущ.

ФІыкІэ узыщыгугъын нэгъуэщІ зы проект къыхилъхьащ «Бахьсэн бройлер» агрогуп» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам. Ар зытеухуар Іус зэхэлъхэр гъэхьэзырынырщ, апхуэдэу псэущхьэ зэмылІэужьыгъуэхэм, абыхэм бдзэжьейхэр яхэту, яшх Іуэхэм халъхьэ пкъыгъуэхэр къыщІэгъэкІынырщ. Продукцэу илъэсым тонн мини 160-рэ зыгъэхьэзырыфыну предприятэ щІыным сом мелардрэ мелуан 573-рэ текІуэдэнущ.

Нартыхум, бжьыхьэсэ гуэдзым, бжьыхьэсэ рапсым, горохым, сэхуараным я жьлэ хэплъыхьахэр щагъэкІыну центрым и проект зэхилъхьащ «Отбор» ООО-м. Центрым элеватор лъэщ хэтынущ, псори зэхэту гъэ къэс жылапхъэу тонн мини 10 игъэкІыфынущ.

Мы проектыр гъэзэщІа хъумэ, ди деж къыщалэжьыфынущ ищхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуэ къэкІыгъэхэм я гибрид жылапхъэу къэралыр зыхуэйм и процент 30-м нэблагъэ. Нобэм ирихьэлІэу предприятэм нартыху гибриду лІэужьыгъуэ 9 ирегъэтхащ, езыр зыхуеину техникэмрэ Іэщ1агъэлІхэмрэ ирикъуу иІэщ. Гибрид жылапхъэхэр нэхъыбэу зыІэрыхьэнур Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэмрэ къэралым и ипщэ щІыпІэхэмрэщ. Нэхъ пасэу хъу гибрид жылапхъэхэр къэралым и ищхьэрэ щІыпІэхэм щащэнущ.

Илъэс Іэджэ ялэкІэ щІидзауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым нартыху жылапхъэ фІы дыдэхэмкІэ Урысейм и субъект куэд къызэригъэпэщу ёокІуэкІ. Абы адэкІи пащэнущ, сом мелуан 550-рэ зи уасэ мы проектыр гъэзэщІэн яухмэ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр цІэрыІуэщ туризмэмрэ альпинизмэмрэ я Іуэхущ Іапі эхэмкІэ, бгы лыжэ къэжьыхьыпІэхэмкІэ, псы хущхъуэхэр къыщагъэсэбэп курортхэмкІэ. Абыхэм зегъэужьыным ехьэлІа проектхэм нэхъ зыубгъуауэ тхутепсэльыхьыт.

- «Урысей Федерацэм къэралкІуэцІ туризмэм зыщегъэужьыныр (2011 - 2018 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу Шэджэм, Аруан, Шэрэдж районхэм 2014 гъэ лъандэрэ щагъэзащІэ «Зэрэгъыж» автотурист кластер зэтегъэувэнымкІэ проектыр. Районхэм я щІыналъэхэм хуозэ турист маршрут зыбжанэ икІи проектым къызэщІеубыдэ гектар 30-м нэблагъэ. АвтотуризмэмкІэ кластерым хиубыдэу ухэныгъэу 9 ящІынущ, псори зэхэту сом меларди 3-рэ мелуан 471,5-рэ я уасэу. Ахъшэм щыщу сом меларди 2-рэ мелуан 559,1-рэ бюджетым химыІыбыдэ хэкІыпІэхэм я хьэкъкІэ къызэрагъэпэщынущ. ТуризмэмкІэ ухэнырщ зэрызыщІэ инфраструктурэм сом мелуан 912,4-рэ текІуэдэну къабжащи, абы щыщу сом мелуан 728,4-р федеральнэ бюджетым къиутІыпщынущ, сом мелуани 184-р республикэм хилъхьанущ.

ИщхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуа федеральнэ программэм хиубыдэу апхуэдэу ягъэзэщІэну я мурадщ «ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэ», «Кавказавтосити» туристкрекреацэ кластерхэр зэтегъэувэным теухуа проектхэри.

Къэрал мыхьэнэ зиІэ «Налшык» курортыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и санаторэ-курорт Іэнатіэ нэхъыщхьащ. Абы къыгъэсэбэп псыхэм я фІагъымкІэ Іус, Урысей псом мыр зыхуэбгъэдэн щыІэкъым. «ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэ» проектым хиубыдэу Долинск щащІынущ туристхэм я нэгу зыщагъэужь, псы хуабжькІэ лажьэ комплексрэ «Нартсанэ» санаторэ-хьэщІащ комплексымрэ. Абыхэм псори зэхэту сом мелардрэ мелуан 602-рэ текІуэдэнущ.

«Кавказавтосити» автотуризмэмкІэ кластерыр Іыхьищу зэхэтынущ. Абы хеубыдэ «Налшык» транспортлогистикэ центрыр, «Аушыджэр» кемпингыр, зыгъэпсэхупІэ паркыхуэ. А псоми гектар 44-м нэблагъэ яІыгъынущ икІи езыхэр щІыным сом меларди 4-рэ мелуан 854,96-рэ текІуэдэнущ.

Инвестор щхьэхуэхэм ящІыгъуу иджыпсту хоплъэ «Балъкъэр Ипщэ» лъэпкъ-щэнхабзэ парк къызэрагъэпэщынымкІэ, «Гуэл щхьэантІэхэр» зыгъэпсэхупІэм зегъэужьынымкІэ проектхэм.

ФокІадэм и 1-м ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым турист-рекреацэ, санаторэ комплексхэм хиубыдэу щыІа Іуэхущ Іапі э 212-м зэуэ щІыху 15420-м зыщагъэпсэхуфынущ.

Илъэсым и ялэ мазийм крийубыдэу республикэм турист мин 308-м щІигъу къэкІуащ, 2015 гъэм и апхуэдэ зэманым елъытауэ ар процент 35,2-кІэ нэхъыбэщ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Гуманитар щІэныгъэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырахьэлІам икІи илъэс кущІ лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхьІэыр етын

Къумыкъу Динэ Мухьэрбий и пхъум - «Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институт» федеральнэ къэрал щІэныгъэ бюджет Іуэхущ Іапі эм и еджагъэшхуэ секретарым;

цІэ лъапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр

Бгъэжьнокъуэ Барэсбий Хьэчим и къуэм - «Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институт» федеральнэ къэрал щІэныгъэ бюджет Іуэхущ Іапі эм пасэрей тхыдэмрэ археологиемкІэ и секторым и унафэщІым

Мусуков Борис Абдулчэрим и къуэм - «Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институт» федеральнэ къэрал щІэныгъэ бюджет Іуэхущ Іапі эм къэрэшей-балъкъэрыбзэмкІэ и секторым и унафэщІым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр

Хьэщыкъуей Фрося Михаил и пхъум - «Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институт» федеральнэ къэрал щІэныгъэ бюджет Іуэхущ Іапі эм и щІэныгъэ библиотекэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м
№119-УГ

ЩХЬЭГУЭШ Адэлбий:

«Урысей зэкъуэтым» къалэнышхуэ къыпэщытщ

2016 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м Урысей Федерацэм и Президент Тутин Владимир Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и япэ сессиер къызэІуихащ



«Псэуныгъэм пыщІа Іуэхухэм я мыхьэнэм, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, псэупІэм и Іэнатіэр егъэфІакІуэным нэхъыбэу теухуауэ щытащ сессиер къыщызэІуихым Президентым жиІахэр. Къэралым и Іэтащхьэм депутатхэм ягу кьигъэкІыжащ цІыхухэм я Іуэхур дэгъэкІынир дэтхэнэ партми и къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр икІи урысей парламентаризмэм нэрылъагъуу зэрызиужьыр кьихигъэщри, хэхыгъуэ блэкІам хэта депутатхэр тэмэму зэрылажьам папщІэ фІыщІэ яхуищІащ», - къыджиІащ Щхьэгуэш Адэлбий.

Къэрал Думэм и депутатым зэрыжиІамкІэ, иджырей хэхыгъуэм хэтхэм я зэхуэдитІыр зы мандатКІэ Іэ щаІэт округэм щыхахащ, абы къыхэкІыу ар цІыхухэм нэхъ япэгъунэгъуу щытынущ. Къэралым и дежкІэ къызэрымыкІуэу щыт мы зэманым «Урысей зэкъуэт» партым къыгуроІуэ цІыхухэм къыхуащІа дзыхьым жэуаплныгъэшхуи зэрыпытІыр.

ПЕЧОНОВ Владилен.

● КЪБР-м и Правительствэм

ХьэрычэтыщІэхэмрэ унагъуэ нэхъ хуэмыщІахэмрэ ядоІэпыкъу



КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм тэмэму зегъэужьынымрэ социальнэ зэпІэзэрытынигъэмкІэ ведомствэхэм зэдай комиссэм и зи чэзу зэІущІэр.

АБЫ щытепсэльыхьащ 2016 - 2018 гъэхэм комиссэм къыпэщыт Іуэху нэхъыщхьэхэм я планыр гъэзэщІэнымкІэ лэжьыпхъэхэм. ЩІышылэ - шыщхьэуІу мазэхэм къриубыдэу комиссэм зэфІигъэкІахэм ятеухуауэ къэпсэльащ а комиссэм и секретарь, КЪБР-м экономикэ зыужьынигъэмкІэ и министрым и куэдзэ Белецкая Ольгэ. Абы къыхигъащхьэхуІащ планыр щагъэтэмэмыжьым федеральнэ министерствэм и чэнджэщхэр къызэрэлъытар икІи иджы ар, къэралыр щІыб экономикэ, политикэ щытыкІэр зыхуэдэм емылъытауэ, республикэм зыужьыныгъэ тэмэм иІэным зэрыхуэунэтІар.

Планым гулъытэ хэха щыхуащІащ нэгъуэщІ къэралхэм къыщащэху продукцэр гъэмэщІэным телажьхэмэ защІэгъэкъуэным, зыхьрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ зегъэужьыным, нэхъ хуэмыщІауэ псэу щІыхуэм ядэІэпыкъуным, щІыху гуп щхьэхуэхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщыным, лэжьапІэнщагъэр гъэмэщІэным. Гулъытэ хуащІащ хэныкъуэхэр хущхъуэкІэ къызэрызэрагъэпэщыр егъэфІакІуэным.

Зэ1ущІэм и кІэухым Мусуков Алий къигъэлъэгъуащ, зэрыщыту къапщтэмэ, планыр тэмэму зэрагъэзащІэр, ауэ щыналъэхэм налогхэр нэгъэсауэ къызэрыщыхамыхыр. Комиссэм и зэІущІэм щащта унафэм къыщагъэлъэгъуащ абы и лъэныкъуэкІэ лэжьын хуейкэр.

БЕЛЫХ Наталье.

● Жылагъуэ Іуэху

ЩІалэгъуалэр фадэм и бийщ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым медицинэмкІэ и колледжым щІэсхэм иджыблагъэ ирагъэкІуэкІащ «ЩІалэгъуалэр фадэм и бийщ» Іуэхур. Ар къызэгъэпэщынымкІэ волонтёрхэм

ядэІэпыкъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэр, Налшык округым и православнэ члисэм и Іуэхущ Іапі эр.

Республикэм и чристэнхэм я Іэтащхьэ Валентин къыхигъэщхьэхуІащ щІалэгъуалэр узыншагъэр хъумэным зыщагъэзэа гъащІэм хуэущиным мыхьэнэшхуэ зэриІэр. А махуэм волонтёру 100-м щІигъум Налшык къалэм нэхъ цІыху кІуэпІэу щыт и щІыпІэхэм листовкэ мин 15-м нэблагъэ щагуэшащ.

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● ХъыбарегъащІэ

Усэ къеджэну зыфІэфІхэр фрагъэблагъэ

Жэпуэгъуэм и 7-м сыхьэт 16-м щІидзэу Музыкэ театрым «Усыгъэр сыхьэтитІкІэ» фІэщыгъэм щІэт литературэ нэтын щытрахынущ.

Гукъыдэж зиІэ псори а Іуэхум фыхэтыну, фІыуэ флъагъу усакІуэхэм я усэ нэхъыфІхэм фи анэдэлъхубзэкІэ е урысыбзэкІэ фыкъеджэну фрагъэблагъэ.

Видеоролик къызэрыватыжьыну и мысакъуэу, телевизоркІи фыкъагъэлъэгъуэну Іэмал щыІэщ.

Іуэхум и къызэгъэпэщакІуэр - Zhan Bakhun Produkion продюсер Іуэхущ Іапі эрщ.

Усэ къеджэну хуейхэм илъ иту зэрызрагъэтх хъуну телефоныр:

8-960-422-43-44

Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Дзэмыхь Къасболэт зыхуэдгъэзащ я Iуэху зытетым тедгъэпсэлъыхьыну. Абы къыджиIам ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.

ДЗЭМЫХЬ Къасболэт: ЩIэныгъэ IуэхущIапIэхэм зэрызедгъэужьым елъытауэщ ди лъэпкъхэм я тхыдэ-щэнхабзэ беягъэр хъума зэрыхъунур

- Къасболэт, Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым лIэщIыгъуэ ныбжь имыIэми, куэд дыдэ хузэфIэкIащ. КIэщIу уризгъэплъэжынут къэфкIуа гъуэгуанэм.

- Кавказ Ищхъэрэм и щIэныгъэ IуэхущIапIэхэр зэрыщыту къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтыр (КБИГИ) нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Ар 1926 гъэм щIышылэм и 6-м Къэбэрдей-Балъкъэр автономнэ областым и ЦИК-м и Президиумым и унафэкIэ къызэрагъэпэщауэ щытащ, республикэм экономикэ, тхыдэ, археологие, этнологие къэхутэныгъэхэр щригъэкIуэкIын, щIэныгъэ лэжьакIуэхэр игъэхьэзырын папщIэ.

Япэ махуэм щегъэжьауэ институтым къалэнитI зыхуигъэувыжауэ абы тету къогъуэгурыкIуэ - щIыналъэм щыпсэухэм я бзэр, хабзэр, IуэрыIуатэр къэхутэнымрэ цIыхухэр щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм дегъэхьэхынымрэ. Нобэ шэч къытедмыхьэу жытIэфынущ институтри абы и лэжьакIуэхэри а IуэхугъуитIми пэлъэщауэ.

Тхыдэ, филологие щIэныгъэ IуэхухэмкIэ ехъулIэныгъэ зэриIэм, IэщIагъэлI пажэхэр зэригъэхьэзырым папщIэ 1976 гъэм институтым къыхуагъэфэщауэ щытащ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэр зэрыщызэфIэувам и гугъу щытщIкIэ, я цIэ къиIуапхъэщ зэман зэхуэмыдэхэм а Iуэхум хэлэжьыхьа тхыдэджхэу Къумыкъу Тыгъуэн, Хутуев Хьэнэфи, Iулыдж Iустырхъан, ХьэкIуащэ Евгений, МафIэдз Сэрэбий, Думэн Хьэсэн, Къэжэр Валерэ сымэ, археологхэу Чеченов Исмэхьил, Мизиев Исмэхьил, Бетрожь Руслан, бзэ щIэныгъэлIхэу Елбэд Хьэсэн, Мамрэш Ким, Ахматов Ибрэхьим, ПщыукI Хьэсэнбий, IуэрыIуатэджрэ литературэджхэу ЩэрэлIокъуэ Талъостэн, Цагъуэ Нурий, КъардэнгъущI Зырамыку, Нало Заур, Талпэ Михаил, Шортэн Аскэрбий, Толгуров Зейтун, нэгъуэщIхэми.

Ди щIыналъэм щыпсэухэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ джынымкIэ куэд къытхуэзыщIа щIэныгъэлIхэщ Арутюнов Сергей, Гиппиус Евгений, Гарданов Валентин, Косвен Марк, Лавров Леонид, Мещанинов Иван, Турчанинов Георгий, Яковлев Николай сымэ. Дэ дрогушхуэ а щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр ди нститутым и тхыдэм щыщ зэрыхъуам.

Институтым лэжьэн зэрыщIидзэрэ иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм ятещIыхьауэ тхылъ 900-м щIигъу къыдигъэкIащ, 525-р монографие лэжьыгъэщ. КъищынэмыщIауэ, 1940 гъэм и кIэхэм къыщыщIэдзауэ абы къыдигъэкIыу щытащ «Учёные записки», «Вестник КБНИИ», «Исторический вестник», «Филологический вестник» журналхэр, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я тхыдэм теухуа тхыгъэхэр зэрыт тхылъхэр.

Хэку зауэшхуэм ипэкIэ мащIэкъым ди щIэныгъэлIхэм яхузэфIэкIар. Псом хуэмыдэу ахэр зэпхар адыгэ, балъкъэр тхыбзэхэр зэхэлъхьэнырт, тхылъхэр къыдэгъэкIынырт, художественнэ литературэр лъэпкъыбзэхэмкIэ къэгъэщIынырт. Къэбгъэлъагъуэмэ, 1928 гъэм ирихьэлIэу профессор Минин Александр и редакцэм щIэту тхылъищ дунейм къытехьауэ щытащ Къэбэрдейм и экономикэ, тхыдэ жылагъуэ Iуэхухэм ятеухуауэ. 1926 гъэм и мэлыжьыхьым адыгэ, балъкъэр терминологие комитетхэм лэжьэн ирагъэжьащ.

Тхыдэ-этнографие къудамэм пасэрей фэеплъхэр къипщытэжу, археологиемрэ IуэрыIуатэмрэ ятеухуауэ лэжьыгъэ хьэлэмэтхэр зэхуихьэсу щIидзащ икIи «Адыгэ IуэрыIуатэ» тхылъыр (напэкIуэцI 40-м нэблагъэ хъууэ) «Академия» тхылъ тедзапIэм 1936 гъэм институтым къыщыдигъэкIащ. Пэжыр жыпIэмэ, ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ гъащIэм къыщыхъуа Iуэхугъуэшхуэт.

1939 - 1940 гъэхэм институтыр купщIафIэу елэжьащ тхылъ къыдэгъэкIыным. Абыхэм ящыщщ Елбэрд Хьэсэн адыгэбзэкIэ зэхуихьэса нарт хъыбархэр, Цагъуэ Нурийрэ Турчанинов Георгийрэ я адыгэбзэ грамматикэр, Елбэд Хьэсэн и грамматикэр, Соттаев Адэлджэрий балъкъэрыбзэр зэрадж и лэжьыгъэр, нэгъуэщI куэди.

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр ди щIыналъэм зэрырахужу, институтым и лэжьыгъэм пищэжащ. 1944 гъэм республикэм щагъэлъэпIащ Нэгумэ Шорэ и илъэси 100-р. Институтым и лэжьакIуэхэм узэщIакIуэм теухуа тхыгъэхэр урысыбзэкIи адыгэбзэкIи къыдагъэкIат.

1945 гъэм дэлэжьэну институтым кърегъэблагъэ бзэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Мещанинов Иван, профессор Яковлев Николай, тхыдэдж Пожидаев Виктор сымэ, археологхэу Акритас Панаитрэ Крупнов Евгенийрэ. 1946 - 1959 гъэхэм щIэх-щIэхыурэ щIэныгъэ сессиехэр ирагъэкIуэкI хъуащ. Шэч хэмылъу, апхуэдэ зэхуэсхэр сэбэпт Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуманитар щIэныгъэм зиужьынымкIэ. Зэхыхьэхэм кърагъэблагъэрт Москва, Санкт-Петербург, Тбилиси, Баку, Кавказ Ищхъэрэм и къалэхэм щыщ щIэныгъэлI-кавказыджхэр. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэм къыдэкIуаращи, дунейм къытехьащ «Къэбэрдейм и тхыдэ», «Очерки истории балкарского народа» лэжьыгъэшхуэхэр, апхуэдэуи 1967 гъэм тхылъитIу зэхэлъу къыдэкIащ «История Кабардино-Балкарской АССР» академическэ лэжьыгъэр. Ар къыдэгъэкIыным гулъытэшхуэ къыхуащIат икIи дэIэпыкъуэгъу хъуат ВКП(б)-м и щIыналъэ комитетым и унафэщIхэр (япэ секретару щытахэу Бабич Михаилрэ Мэлбахъуэ Тимборэрэ).

Совет щIэныгъэр «лIыпIэ» щиувар 1960 - 1980 гъэхэрауэ къэплъытэ хъуну къыщIэкIынщ. Абы щыгъуэм СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием епха институтхэмрэ и щIыналъэ къудамэхэмрэ къэунэхуауэ щытащ. А илъэсхэрщ къэралыр щIэныгъэхэмкIэ дуней псом пашэ щыщыхъуар.

Совет властым иIа щыщIэныгъэхэм емылъытауэ, Академием сыт щыгъуи къэрал гулъытэ зэригъуэтар хэбгъэкIуадэ хъунукъым. А лъэхъэнэрщ (1960 гъэхэм икухэм) Лъостэн Владимир и унафэщIу, Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым иубзыхуу, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр гъэзэщIэным иужь щихьар. Абы хыхьэрт лъэпкъ псалъалъэхэр зэгъэпэщыныр, макъамэмкIэ антологиехэр, нарт хъыбархэр къыдэгъэкIыныр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэмрэ къалэхэмрэ ятеухуа очеркхэр зэхуэхьэсыныр, республикэм и Фэеплъ тхылъыр гъэхьэзырыныр, нэгъуэщIхэри. А программэм тету, 1973 гъэм щегъэжьауэ 2000 гъэхэм и пэщIэдзэр къиубыду, лэжьыгъэ хъарзынэхэр зэфIагъэкIащ институтым зэман зэхуэмыдэхэм и унафэщIу щыта Хутуев Хьэнэфи, Гугу Рашад, Думэн Хьэсэн сымэ.

Иужьрей илъэс пщIы бжыгъэхэм, псом хуэмыдэу СССР-р лъэлъэжу демократие зэхъуэкIыныгъэхэр Урысейм щрагъэкIуэкIын щаублам, зэрытщIэжщи, адыгэхэм, балъкъэрхэмрэ къэрэшейхэмрэ Iэмал яIэ хъуат Тыркум, Сирием, Иорданием щыпсэу я лъэпкъэгъухэм зыпащIэну. Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэм щIэныгъэлIхэм гъуэгущIэ къахузэIуихащ я къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм зрагъэубгъун, лъэпкъыщым я тхыдэм, щэнхабзэм, псэукIэ-щыIэкIэм нэхъ кууэ елэжьын хуэдэу.

1990, 1994 гъэхэм институтым хузэфIэкIащ тхыдэджхэр, бзэ щIэныгъэлIхэр, IуэрыIуатэджхэр зыхэт гупхэр Тырку, Сирие, Иордание къэралыгъуэхэм игъэкIуэну. Хьэлэмэту, щIэщыгъуэу щIэныгъэлIхэм «къыщIаIукIар» «Адыгская и карачаево-балкарская зарубежная диаспора: история и культура» тхылъым (Налшык къалэ, 2000 гъэ) къыщагъэлъэгъуэжауэ щытащ.

- ЩIэныгъэ къэхутэныгъэхэр зэрекIуэкIым арэзы укъищIрэ? Сыт хуэдэ ахэр?

- Институтыр къэхутэныгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым йолэжь. Псалъэм папщIэ, апхуэдэ лэжьыгъэхэмкIэ дылъоIэс ди лъэпкъхэм я къэхъукIэмрэ тхыдэмрэ къыщыщIэдзауэ дызыхэт зэманым екIуэкI социально-политикэ Iуэхухэм щыщIэкIыжу. КъыдоIэт лъэпкъ тхыдэр джыным зэрызиужьыпхъэ упщIэхэр, щIыналъэм цIыхубэ зэхущытыкIэм зэман зэхуэмыдэхэм зэрызыщихъуэжар, Урысеймрэ Кавказымрэ я зэпыщIэныгъэр XVI лIэщIыгъуэм щегъэжьауэ ди зэманым къэсу къызэрекIуэкIар, нэгъуэщI куэд дыди.

Институтым щолажьэ зэфIэкI ин къэзыгъэлъагъуэ щIэныгъэлIхэр. Абыхэм ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр я мыхьэнэкIи ящIэлъ гупсысэкIи шэч къытумыхьэу яхуэбгъадэ хъунущ академическэ институт нэхъыщхьэхэм я IэщIагъэлIхэм я лэжьыгъэхэм. Абы и щапхъэу къэсхьыфынущ институтыр гуп-гупурэ зэлэжьахэр. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, ищхьэкIэ зи гугъу сщIа «Адыгэ IуэрыIуатэ» тхылъыр (1936 гъэм Москва къыщыдэкIар), «История Кабардино-Балкарской АССР» (М., 1967 гъэ), «Археологические исследования на новостройках Кабардино-Балкарии», (Налшык, 1984, 1985, 1987 гъэхэм тхылъищу дунейм къытехьащ), «Новое и традиционное в культуре и быте кабардинцев и балкарцев» (Налшык, 1986 гъэ), «Народные песни и инструментальные наигрыши адыгов» (Налшык 1980 - 1990 гъэхэм тхылъиплI хъууэ дунейм къыщытехьащ), «Нарты. Героический эпос балкарцев и карачаевцев» (Москва, 1995 гъэ), «Кабардино-черкесский язык» (Налшык, 2006 гъэ), «Нарты: адыгский эпос» (Налшык, 2012 гъэ), «История многовекового содружества» (Налшык, 2007 гъэ), «Адыгские песни времён Кавказской войны» (Налшык, 2014 гъэ), «Антология народной музыки балкарцев и карачаевцев» (Налшык, 2015 гъэ), «Музыкальный фольклор черкесов (адыгов): инструментальная музыка» (Налшык, 2015 гъэ) тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

Мы лэжьыгъэхэр, шэч хэмылъу, Урысей Федерацэм и щIэныгъэ Iуэхум и хэлъхьэныгъэшхуэщ, сыту жыпIэмэ абыхэм къыщаIэтар Кавказым щыщ зы щIыналъэм и гуманитар щIэныгъэм пыщIа гугъуехьхэм я закъуэкъым, атIэ урысей цIыхубэм зэрызиужьыфыну тхыдэ-щэнхабзэ Iуэхухэми лъэIэсащ. Институтым и лэжьакIуэхэм я къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ Хэкум и тхыдэ, филологие щIэныгъэхэр хъумэнымрэ абыхэм зегъэужьынымрэ. Мынэхъ мащIэу тепсэлъыхьын хуейуэ къызолъытэ я акъылкIэ, зэфIэкIкIэ, IэзагъэкIэ республикэр зыгъэбжыфIэу псэуа езы къэхутакIуэхэми я фэеплъыр хъумэныр. Абыхэм дэ ятедухуащ «КБИГИ 1926 - 2016. Наука в лицах» къыдэкIыгъуэ щхьэхуэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтыр нобэ Кавказ Ищхъэрэми Урысей Федерацэ псоми ит щIэныгъэ IуэхущIапIэ нэхъ пажэхэм ящыщщ. Ар жыджэру хэтщ къэрал программэ хэхахэр гъэзэщIэнми академическэ къэхутэныгъэ инхэр егъэкIуэкIынми. Ди лэжьакIуэхэр япыщIащ хамэ къэралхэм щыщ щIэныгъэлI куэдым, апхуэдэуи зрагъэужь щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр зэрагъэхьэзыр жыпхъэм.

Институтым и лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм хеубыдэ щIэныгъэ зэхуэс зэхуэмыдэхэр къызэгъэпэщыныр. Ари, къапщтэмэ, зы къэхутэныгъэщ. Иужьрей илъэсипщIым къриубыдэу, институтым щIэныгъэ конференцу 40-м щIигъу иригъэкIуэкIащ. Абыхэм ящыщщ «Нартхэм я хъыбархэр зэныбжьэгъугъэм и эпосщ» дунейпсо щIэныгъэ-практикэ конференцыр, Этнологиемрэ антропологиемкIэ институтым, Миклухо-Маклай и цIэр зезыхьэм, и гъусэу къызэдгъэпэщар. Апхуэдэщ Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ зэрырикъум едгъэщIылIа дунейпсо зэхыхьэри «ЦIыхубэм я зэкъуэтыныгъэм ТекIуэныгъэ Иныр 1941 - 1945 гъэхэм къихьащ» урысейпсо Iуэхури. Апхуэдэ зэхуэсхэм щIэныгъэ и лъэныкъуэкIи щэнхабзэ мыхьэнэкIи лъабжьэфI ягъуэт лъэпкъхэр зэгурыIуэу, зым адрейм и хабзэхэм пщIэ хуащIу къызэдекIуэкIынымкIэ.

- Егъэджэныгъэ и лъэныкъуэкIэ институтым сыт зэфIигъэкIыр?

- Шэч хэмылъу, курыт школхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ литературэ яхуэгъэхьэзырыныр институтым и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Иужьрей илъэсхэм ди щIэныгъэлIхэр егугъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и школхэм къыщагъэсэбэпыну тхылъхэмрэ псалъалъэхэмрэ къыдэгъэкIыным. Абыхэм ящыщщ БищIо Борисрэ ТIымыжь Хьэмыщэрэ зэгъусэу ягъэхьэзыра урыс-адыгэ псалъалъэр (2008, 2013 гъэхэм дунейм къытехьащ), БищIо Борис псалъэ мини 7 иту зэхигъэува адыгэбзэ псалъэгъэнахуэр (2015 гъэ), адыгэ литературэмкIэ школым зэрыщеджэну тхылъхэр, нэгъуэщI куэди.

Къапщтэмэ, институтым къыдигъэкI щIэныгъэ лэжьыгъэхэм республикэм и школхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ я закъуэкъым щIэупщIэ щаIэр, атIэ адыгэ, балъкъэр хэхэсхэр здэщыIэ хамэ къэралхэми (Тыркум, Сирием, Иорданием, США-м, Къэзахъстаным, Къыргъызым) яшэ.

1996 гъэм къыщыщIэдзауэ институтым епхауэ аспирантурэрэ докторантурэрэ мэлажьэ. 2015 гъэм институтыр игъэхьэзыр лэжьакIуэхэмкIэ къэрал аккредитацэм пхыкIащ. Егъэджэныгъэ Iуэхур къызэгъэпэщын мурадкIэ, институтым къыщызэIуахащ этнологиемрэ тхыдэмкIэ, бзэщIэныгъэмрэ литературоведенэмкIэ кафедрэхэр. Абыхэм щыдогъаджэ аспиранту 17-рэ докторанту 2-рэ. Илъэс 20-м къриубыдэу институтым игъэхьэзыращ щIэныгъэлI ныбжьыщIэ 200-м нэблагъэ.

- IэщIагъэлIхэр сыт хуэдиз хъурэ?

- 2016 гъэм икухэм хуэзэу къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым лэжьакIуи 102-рэ Iутщ. Абы щыщу 81-р щIэныгъэ лэжьакIуэщ (21-р щIэныгъэхэм я доктору, 51-р щIэныгъэхэм я кандидату). Абыхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэу 10, Къэрэшей-Шэрджэсым щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэу 2, Адыгэ, Ингуш республикэхэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэу зырыз. КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэ лъапIэр цIыхуи 3-м зэрахьэ, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэр 2 мэхъу, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэщауэ зы диIэщ. Ахэр ядолажьэ Урысейм тхыдэмкIэ, бзэщIэныгъэмкIэ, дунейпсо литературэмкIэ, археологиемкIэ иинститутхэм, Абхъазым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым, Абхъаз Республикэм стратегие мыхьэнэ зиIэ къэхутэныгъэхэмкIэ и центрым, нэгъуэщI куэдми.

- Институтыр иджырей зэманым екIурэ? Гугъуехь зыIуууэхэр сыт хуэдэ, Къасболэт?

- Ди къэралым зэрызиужьым еплъыкIэщIи нэгъуэщI хэкIыпIэхэри къегъэунэху. Псалъэм папщIэ, щIэныгъэлIхэм хуиту архивхэр къагъэсэбэпу зэрыщIадзэрэ къалэн нэхъыбэ я пщэ далъхьэжыф хъуащ, зэи емыкIуэкIа къэхутэныгъэхэм зрапщытынымкIи IэмалыфIхэр къыкъуэкIащ. Апхуэдэуи яхузэфIэкIынущ нэхъ ипэкIэ къахута Iуэхугъуэхэм нэгъуэщIынэкIэ, IэмалыщIэкIэ хэплъэу елэжьыжыну.

2015 гъэм къэралым и академическэ щIэныгъэм УФ-м и бюджетым щыщу сом мелард 94-рэ хуаутIыпщауэ щытащ. Мы гъэм сом мелард 84-рэ хухихауэ аращ. КъызэрапщытамкIэ, 2017 гъэм къэрал унафэщIхэм щIэныгъэм трагъэкIуэдэну къагъэлъагъуэр сом мелард 75-рэщ. ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и лэжьакIуэхэм я профсоюзым хэтхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, зи гугъу тщIы ахъшэ бжыгъэр Къэрал Думэм къищтэмэ, институтхэм я щIэныгъэ лэжьакIуэхэм ящыщу процент 15-м къыщыщIэдзауэ 40-м нэсыхукIэ я IэнатIэ IуагъэкIын хуей хъунущ. Мис абдеж гугъуехьхэр къыкъуэкIынущ налог тыным, Iэмэпсымэхэр зехьэным, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр тыным епхауи.

- Зэман гъунэгъум институтым къыдигъэкIыну сыт игъэхьэзырыр?

- ИщхьэкIэ зэрыщыжытIащи, Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къалэн пажэу къилъытэр ди щIыналъэм щыпсэухэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымкIэ сэбэп хъунырщ. Абы къыхэкIыу, дызэрыт зэманым институтым къыдигъэкIыну хуигъэхьэзыращ «Адыгэ лIыхъужь эпос. Нартхэр», «Адыгские волшебные сказки», «Адыгские сказки о животных», «Словарь Алима Кешокова», «Адыгэ псалъэжьхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ», «Балъкъэр литературэм и тхыдэр», «Къэрэшей-балъкъэр хъыбарыжьхэр» тхылъхэр, н. АрщхьэкIэ мы лэжьыгъэхэр къэхутакIуэхэм пхагъэкIыну зэкIэ Iэмал яIэкъым, ахъшэр къакIуэркъыми.

Сыт хуэдэ гъэунэхуныгъэхэм дыIумыщIэми, институтым и лэжьакIуэхэм я гупсысэр зытеухуар Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэр лъагапIэм щыIыгъынырщ, урысейпсо утыкум абы бжьыпэр щегъэубыдынырщ. ЛэжьакIуэхэми институтым и унафэщIхэми мы зэманым диIэ Iэмалхэр къэдгъэсэбэп къудейуэ щымыту, нэхъ жыжьи доплъэ, ди IуэхущIафэхэр зыхуэкIуэнкIэ хъунум догупсыс.

Сэ сызэреплъымкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым хуэдэ щIэныгъэ IуэхущIапIэхэр зэрытхуэхъумэм елъытауэщ ди лъэпкъхэм я тхыдэ-щэнхабзэ беягъэр хъума зэрыхъунур, ахэр щIэблэм зэращIэнур.

Епсэлъар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Хутуев Хьэнэфи

Гугу Рашад

Къумахуэ Мухьэдин

Думэн Хьэсэн



Бгъэжьнокъуэ Барэсбий



Пщынокъуэ Абдул

Нало Жансэхъу

КIыщокъуэ Алим

Лъостэн Владимир

Зызыужь зэманым бзэр къыкIэрыху хъунукъым

Ди щIыналъэм щыпсэухэм я анэдэлъхубзэр джыныр и лэжьыгъэ нэхъыщхьэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым.

ИНСТИТУТЫМ къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ и къудамэм куэд хузэфIэкIащ адыгэбзэм и лексикэр, фонетикэр, морфологиер, синтаксисыр убзыхуа хъуным теухуауэ. Къудамэр зэрылажьэрэ щIэныгъэ грамматикэ зыбжанэ, Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуа монографиерэ тхыгъэу пщIы бжыгъэхэр къыдигъэкIащ. Псори къызэщIекъуэж томитI хъу «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэ» тхылъым. Ар 2006 гъэм, дунейм къытехьащ. КъыхэгъэщыпхъэщI бзэщIэныгъэлI гъуэзэджэ Къумахуэ Мухьэдин и унафэм щIэту ягъэхьэзыра а лэжьыгъэм хуэдэ Урысей псом зэрыщымыIэр.

БзэщIэныгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэ дыдэу къэплъытэ хъунущ лексикографиер. Абы зэпымычу нэхъ егугъуащ ди къудамэр.

ЩIэныгъэлIхэм лингвистикэ и лъэныкъуэкIэ зыхунэса ехъулIэныгъэхэр я щIэгъэкъуэну, а зэманым щIэрыщIэу елэжьыжауэ щытащ къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и псалъалъэр. Ар 1999 гъэм Москва къыщыдэкIат. Къудамэм и лэжьакIуэхэм зэхагъэуващ дунейм къытехьащ курыт еджапIэхэм къыщагъэсэбэп хъуну фразеологие псалъалъэмрэ (Бэрбэч Б.Ч., БищIо Борис, IутIыж Борис, 2001 гъэ) синонимхэмкIэ школ псалъалъэмрэ (Дзыгъуанэ Ритэ, Шэру Нинэ, 1997 гъэ). Апхуэдэ лэжьыгъэхэм къакIэлъыкIуащ еджапIэхэм папщIэ урыс-адыгэ псалъалъэр (БищIо Борис, Къумыкъу Динэ, ТIымыжь Хьэмыщэ, 2013 гъэ), адыгэбзэр зыгъэнахуэ псалъалъэр (БищIо Борис, 2015 гъэ).

Институтым и адыгэбзэ къудамэм щылажьэхэм дежкIэ лъапIэ дыдэщ ди литературэм и классик КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу (2014 гъэм), ди тхакIуэшхуэм и бзэр и лъабжьэу псалъалъэ зэрагъэхьэзырар. Дэ дыщогугъ а лэжьыгъэ хьэлэмэтыр мыгувэу дунейм къытехьэну.

Апхуэдэ лэжьыгъэфIхэр езыгъэкIуэкIхэм я цIэ къиIуапхъэу къыщIэкIынщ. Къудамэм щIэныгъэхэм я доктору цIыхуитI (БищIо Борис, Дзыгъуанэ Ритэ) щолажьэ. Филологие щIэныгъэхэм я кандидатщ щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьхэу Жылэтеж Хьэжысмел, Къумыкъу Динэ, Токъмакъ Мадинэ, Абазэ Маритэ, Хэжь Залинэ сымэ. ЩIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэщ АфIэунэ А. А. КъыхэгъэщыпхъэщI, иджыблагъэ зи кандидат лэжьыгъэхэр ехъулIэныгъэкIэ пхызыгъэкIа ди щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэри - къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэ хъуагъащIэ Хэжь Марьянэ, Шэрджэс Заретэ сымэ.

Псалъалъэхэр зэхэгъэувэным къыдэкIуэу, къудамэм и IэщIагъэлIхэм мынэхъ мащIэу гулъытэ хуащI нэгъуэщI Iуэхугъуэми - къэбэрдей-шэрджэсыбзэм зегъэужьыным. Зи гугъу сщIыр школхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ зэрыщеджэну тхылъхэр зэрызэхэдгъэуврщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я къэралыбзэу щыт ди анэдэлъхубзэр ефIэкIуа зэрыхъунум теухуауэ ди жэрдэмхэр къыщыгъэлъэгъуа программэ хэхахэр республикэм къыщащтэным долэжь. Дэ къыдгуроIуэ псынщIэу зызыужь иджырей зэманым бзэр къыкIэрыху зэрымыхъунур.

БИЩIО Борис,
Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

ГъэщIэгъуэн куэд къытхуэзIуах

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я щэнхабзэр джын мурад яIэу, 1972 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым этнологиемкIэ къудамэ къыщызэIуахауэ щытащ. Зэман зэхуэмыдэхэм абы и унафэщIу щытащ Мамбэт Хьэлым (1972 - 1975 гъгъ.), МафIэдз Сэрэбий (1975-1977 гъгъ.), Бгъэжьнокъуэ Барэсбий (1988 - 2003 гъгъ.), Тхьэмокъуэ Иринэ (2003 - 2007 гъгъ.).

АБЫХЭМ щIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я зэхущытыкIэхэм, щэнхабзэм, къадекIуэкI хъугъуэфIыгъуэхэм теухуауэ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм къахэбгъэщ хъунущ Мамбэт Хьэлым «Материальная культура сельского населения Кабардино-Балкарии: вторая половина XIX - 60-е гг. XX в.» и монографиер (1971 гъэм къыдэкIащ), МафIэдз Сэрэбий и «Обряды и обрядовые игры адыгов в XIX - начале XX в.» (1979 гъэ), «Межпоколенная трансмиссия традиционной культуры адыгов» (1991 гъэ) къэхутэныгъэхэр, Бгъэжьнокъуэ Барэсбий и «Адыгэ хабзэ», «Шэрджэс джэгукIэхэр» (1978 гъэ) тхылъхэр, Думэн Хьэсэн и Iэдакъэ къыщIэкIа «Обычное имущественное право кабардинцев» (1976 гъэ) лэжьыгъэр, нэгъуэщI куэди.

Мы зэманым этнологиемкIэ къудамэр Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и IэнатIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ хъуащ. И Iуэху бгъэдыхьэкIэм зэпымыуэ зэрызригъэужьым и фIыгъэкIэ, абы унэтIыныгъэ куэдкIэ къэхутэныгъэхэр иригъэкIуэкIыну хузэфIокI. Къудамэм и лэжьакIуэхэм я къэхутэныгъэхэр щIэх-щIэхыурэ урысейпсо, дунейпсо зэхыхьэхэм утыку къыщрахьэ.

Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу урысхэм я тхыдэмрэ этнографиемрэ зыдж IэщIагъэлI пажэщ тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Тхьэмокъуэ Иринэ, XX-XXI лIэщIыгъуэхэм Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм зэрызаужьам кууэ йолэжь тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Аккиевэ Светланэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я зэхущытыкIэхэм теухуауэ къэхутэныгъэщIэхэр иIэщ Сэбаншы Любэ, лъэпкъхэм я щэнхабзэр къызэрекIуэкIамрэ нобэ абы иIэ теплъэмрэ едж тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Бозий Гульфия.

ЩIэныгъэлI зыбжанэ зэделэжьауэ «Адыгэ щIэнгъуазэ», «История многовекового содружества: К 450-летию союза и единения народов Кабардино-Балкарии и России» тхылъхэр дунейм къытедгъэхьащ. Шэч хэмылъу, тхыдэ, щэнхабзэ къулей къызыдекIуэкI Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъхэм иджыри гъэщIэгъуэн куэд къытхузэIуахынущ, ахэр наIуэ къэтщIыным, тхыдэм къыхэнэным дэ Iэмал имыIэу делэжьынущ.

ПРАСОЛОВ Дмитрий,
этнологиемкIэ къудамэм и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат.

и институтыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 90 ирокъу

Ди гъуазэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтыр къыщыззIуахам къыщыщIэдзауэ Iуэрыl уатэр нэхъ гулъытэ зыхуащIщ. Ящ дыдэу институтым и штатым хэхуауэ щыта адыгэ узэщIакIуэ Щэрэлокъуэ Тальостэн и IуэхущIафэу дафтэрым иратхауэ щытыр аращ - «фольклорист». Абы хуэдэ лIы щIэрыIуэ куэд мы Iуэхущ1апIэм щыпсэжьащ, адыгэ уэрэдыжьхэр, хъыбарыжьхэр, псалъэжьхэр, тауры хъэр къэугъуеиным, тедзэным, щIэныгъэ хабзэм тету къэпщытэным я гуащIэ халъхъэу.

ИлъэС 80-кIэ узэIэбэкIыжмэ, урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ адыгэ Iуэрыl уатэм и жанр псоми я щапхъэхэр щызэхэзыгъэ тхылъышхуэ (напэкIуэцI 635-рэ и Iувагъуу) Москва къыщыдэкIауэ щытащ. Абы елэжьахэм яхэтащ зи цIэр къисIуа Щэрэлокъуэ Тальостэн, ЦIагъуэ Нурий, Елбэд Хьэсэн, Пщынокъуэ Абдул, Къуэжей Сосрыкъуэ, Шэджыхьэщ1э Пщыкъан сымэ, нэгъуэщIхэри. А нэгъуэщIхэм яхэтащ иужькIэ режиссёр Iуэхум хуеджэжу театр лэжьакIуэ хъуа Мыд Хьэжмузэ, эджагъэшхуэ, профессор хъуа Балъкъэр Борис, усакIуэ Хэхъупащ1э Амырхъан, и ГъащIэ ныкъуэр ди институтым щызыхьа тхакIуэшхуэ, щIэныгъэIэ, драматург Шортэн Аскэрбий. Тхыгъэхэм хаззырыхэщыжьмкIэ, абыхэм яхэтащ институтым и унафэщIу щыта ритник икIи тхакIуэ Iэзэ Нало Жансэхъуи.

Апхуэдэ лIы щыпкъэхэр гъуазэу зи гъунэ ираIуа Iэнатlэм упэрытын щхьэкIэ, зыгуэркIэ нэхъ мыхъуми, жьк къыпщIихуауэ щытын хуейщ. Хэку зауэшхуэм иужь гъэхэм щегъэжьауэ литературэрмэр Iуэрыlуатэмрэ елэжьыну гуп щхьэхуэм и пашэ хъуат Шортэнрэ. Абы и жэрдэм хэлъу, 1947 гъэм институтым къыззригъэпэщащ ежьэ зыбжанэ - мазэкIэ, мазэ бжыгъэкIэ жылагъуэхэр къыщызэхаIуХь щыIэу. Апхуэдэ лэжьыгъэ зыщIахэм ящыщщ КIуащ Бетlал, Щоджэнцыкlу Iэдэм, Акъсырэ Залымхъан сымэ, куэдым зи цIэхэр ямышIэж Чэрим Мухьэ, Албэч Iэуес, Щоджэн Хьэзешэ, ЖьакIэмыхъу Хьэжысмел, Дадэ Адэлбий сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм я фIыгъэщ нобэ ди институтым и архивым и жьантIэр тхыгъэ пщIы бжыгъэхэм, фонотекэм щахъумэ магнитофон лентIхэм тетха уэрэдхэм, кьафэ макъамэхэм, хьаркрэм зэрагъэбжьыфIэр. Абыхэм ящыщ куэд лъабжьэ яхуэхъуащ «Нартхэр. Къэбэрдей эпос» (1951 гъэ), «Къэзанокъуэ Жбагъыl» (1956), «Адыгэ Iуэрыlуатэхэр» томитIу (1963, 1969 гъэ.), «Адыгэ псалъэжьхэр» томитIу (1965, 1967), «Нарты. Адыгский героический эпос» (1974) тхылъхэм, нэгъуэщIхэми.

Псом хуэмыдэу лэжьыгъэшхуэ ящIащ секторым илъэс куэдкIэ щылэжьа Къардэнгъущ1 Зырамыкурэ Нало Зауррэ. Абыхэм я гуащIэшхуэ хэльщ ищхьэкIэ къисIуа тхылъхэм хуэдэ зыбжанэми, архивымрэ фонотекэмрэ хэлъ тхыгъэхэми, адыгэ Iуэрыlуатэм теухуа къэхутэныгъэ нэхъ уардэхэми. Ямылейуэ пщIэшхуэ яхуэфащщ абыхэмрэ лэжьыгъэм къраршэлIа лъэпкъ макъамэдж тельыджэ Бэрэгъун Владимир, филолог Iэзэхэу Гуькlэмыхъу Iэбубэчыр, Иуанокъуэ Нурбий, дуней псом щагъэльапIэ еджагъэшхуэ Гиппиус Евгений сымэрэ том зыбжанэ хъуа «Адыгэ уэрэдхэмрэ пшыналъэхэмрэ» тхылъыр зэрызэдагъэхьэзырам щхьэкIэ. Ар адыгэ лъэпкъ усыгъэмрэ макъамэхэмрэ екъэлIа къэхутэныгъэ куущ икIи абы итlэкIэ апхуэдэ лэжьыгъэ нэгъуэщI лъэпкъэм зыми игъэзащIатэкъым.

Ди къудамэм игъэхьэзыращ XIX-XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм ятхыжа хъыбархэр, уэрэдхэр, пшыналъэхэр, ЦIагъуэ Нурий и щIэиным щыщу пакIэу къытIэрыхьэжахэр, Бахьсэн узэщIакIуэхэм я Iэужьхэр щызэхуэхьэсыжа томитI. И къукIэ мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэу дунейм къытехьащ Тхьэмокъуэ Жеиня игъэхьэзыра «Адыгэ таурыхъхэр. Ящ том» тхылъышхуэри, том зыбжанэ хъун хуей нарт эпосым и ящэ томри, нэгъуэщIхэри. Къэхъгъэщыпхъэщ, Кавказ зауэр щекIуэкIа лъэхъэнэм яуса адыгэ уэрэдхэр зэрыт тхылъым куэд къызэрыпэджэжар, абы къыхэкIыни етIуанэу тредгъэдзэжьын хуей зэрыхъуар. Ар институтым и къудамиущ щыкъудагъэкIат.

Къэхутэныгъэ щхьэхуэу жанрхэр гъэнэхуэныкIэ къудамэм утыку ящэу къриIлъхьа лэжьыгъэшхуэ хъуащ. Алий Аллэ адыгэ нарт эпосым теухуауэ (1969 гъэм), Аулъэ Сариет (1973) тхыдэр зи лъабжьэ эпосым теухуауэ къыдагъэкIа монографиехэр. Абыхэм къакIэлъыкIуащ эпосым, хъыбарыжьхэм, таурыхъхэм, псалъэжьхэм, цыхубэ макъамэхэм ятеухуауэ КъардэнгъущI Зырамыку, Нало Заур, ЦIыпIынэ Аслъэн, Тхьэмокъуэ Жеиня, Гъут Ланэ, ГъукIэ Анжелэ сымэ я гъэхъэзыра монографиехэр, Табыщ Мурат, ЦIыпIынэ Идар, Хьэгъэжей Ланэ сымэ я тхыгъэ щхьэхуэхэр щызэхуэхьэсыжа тхылъхэр. Мы тхыгъэр зи Iэдакъэщ1экIми и тхылъ зыбжанэрэ тхыгъэ щхьэхуэхэри абы хэтщ, Налшык, Мейкъуапэ, Грозныи, Москва, Германием къыщыгъэдзауэ.

Мы зэманым институтым адыгэ IуэрыlуатэмкIэ и къудамэм цIыхуи 7 щолажьэ. Абыхэм ящыщу 5-р щIэныгъэхэм я кандидатщ, 1-р доктор-профессорщ. Нэхъыбэу дызэлэжьыр адыгэ Iуэрыlуатэм и жанр псоми къыхэщIыпкIауэ тхыгъэ нэхъыфIхэр цIыхум я пащхьэ къитхэнырщ, ахэр зи лъабжьэ къэхутэныгъэхэр нэхъ убгъуауэ едгъэкIуэкIынырщ. Ди Iэдакъэщ1экIхэр Налшык къыщызэмыщIауэ, Урысейм и нэгъуэщI къалэхэми, хамэ къэрал къалэшхуэхэми къыщытрыдогъадзэ. Ар Iэмалыфlщ ди лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэхэр дунейпсо щIэныгъэм и къудамэ щыIэ зэманым зэхуэдэкыдыкъалIыхуныкIэ. Апхуэдэуи дыхущIокъу республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэми, курытхэми, сабий гъэсапIэхэми сэбэп даззэрыхуэхъуным.

Уегупсысмэ, дызыкIуэныкъуэ Iэджэ иджыри щыIэщ, ди Iэри псоми лъэIэсырхъым. Ауэ дэтхэнэ зыми тлъэкIыр дощIэ, дызыхуэлажьэ ди лъэпкъым и фIыщIэр тIэтын щхьэкIэ.

ГЪУТ Iэдэм,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор,
Iуэрыlуатэ, литературэ хъудамэхэм 1987 гъэ лъандэрэ я унафэщI.

Институтым и щIыхьэпIэр.

Къардэнгъущ1 Зырамыкурэ Нало Зауррэ *(1980 гъэ)*

Къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ къудамэм и лэжьакIуэхэу ЯфIэунэ Абдул, КIасэ Алий, Багъ Пётр, Iуг1ыж Борис *(1970 гъэ)*

Лъабжьэ быдэ

Адыгэ литературэр джыным и лъэр быдэу щыувар 1950-1960 гъэхэрщ. Абы щыгъуэм институтым и лэжьакIуэ Шортэн Аскэрбийрэ Нало Зауррэ Теунэ Хьэчим, Сокъур Мусэрбий, ХьэкIуащэ Андрей сымэ я гъусэу, лъэпкъ литературэм и тхыдэмрэ иджырей литературэм и къекIуэкIыкIэмрэ яджын щIадэат.

ПСОМ япэу къыдагъэкIащ «Адыгэ литературэм теухуа тхыгъэхэр» тхылъыр (1957 гъэ). ИужькIэ гупу зэлэжьа «Адыгэ литературэм и тхыдэ» тхылъыр 1965 гъэм дунейм къытехьащ, ардыдэр 1967 гъэм урысыбзэкIэ къыдэкIащ. Ар монографие къэхутэныгъэшхуэт, литературэрджэмэ егъэджакIуэхэми тегъэщIапIэ ящыIэныр.

Адэкlэ къэунэхуу хуежьащ лъэпкъ литературэм и Iыхьэ щхьэхуэхэм ятеухуа лэжьыгъэхэр. Институтым и лэжьакIуэхэм зэман зэхуэдэкыдэхэм къыдагъэкIащ адыгэ узэщIакIуэ Пащlэ Бэчмырзэ, Агънокъуэ Лашэ, Щоджэнцыкlу Iэдэм, КIуащ Бетlал, КIыщокъуэ Алим сымэ, нэгъуэщIхэми я щIэин щхьэпэхэр.

Монографие лжьыгъэхэр траухуащ адыгэ узэщIакIуэхэм я тхыдэм, литературэм и жанр щхьэхуэхэр зэрызэфIэувамрэ абыхэм зэрызаужьымрэ, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми. Псалъэм папщIэ, мыхьэнэшхуэ игъуэтащ филологие щIэныгъэхэм я доктор Хьэщхъужь Раисэ и унафэм щIэту 2003 гъэм ягъэхъэзыра «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэр» лэжьыгъэм.

Мы зэманым институтым къэбэрдей-шэрджэс литературэмкIэ и къудамэм щIэныгъэхэм я доктору цIыхуиплI щолажьэ - къудамэм и унафэщI ТIымыжь Хьэмыщ1э, щIэныгъэ лжьакIуэ нэхъыщхьэхэу Бакlуу Хьанджэрий, Алъхъэс Светланэ, Хьэкlуащэ Мадинэ сымэ. Лэжьакlуиц щIэныгъэхэм я кандидатщ - Къэжэр Иннэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ, Бетыгъуэн Еленэ.

Апхуэдэ лэжьакIуэ гупыфI щызэгъэIуам дэж, шэч хэмылъу, къэхутэныгъэ нэхъыщхьэхэм зеппщытыну гугъуклым. Псалъэм папщIэ, ущыгугъуфIыну дунейм къытехьащ «Къэбэрдей-шэрджэс литературэм и тхыдэ» тхылъыт! хъур, ещанэри дгъэхьэзыращ. Зи гугъу сщIа тхылъхэр къыщагъэсэбэп Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я курыт школхэми, еджапIэ нэхъыщхьэхэми.

Кьыхэгъэщын хуейщ лъэпкъ литературэм и тхыдэм щIэрыщIэу елэжьажауэ Кавказ Ищхьэрэ псом щыIэр ди институтыр зэрыарар. Иужьрей илъэсхэм дунейм къытехьащ щыхубэр зытегъэзэвыхь Iуэхугъуэхэр къыщыIэта монографие лэжьыгъэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ Бакlуу Хьанджэрий зэлажьа «Борис Утижев: поэт, писатель, драматург» къэхутэныгъэр, Алъхъэс Светланэ и Iэдакъэ къыщIэкIа «Современная кабардино-черкесская литература. Фактологические, событийные материалы» лэжьыгъэр, Хьэкlуащэ Мадинэ игъэхьэзыра «Литературные архетипы в художественных произведениях адыгских писателей», Къэжэр Иннэ «Кабардинская поэзия XX века: Актуализация идеала» зыфIищар, Хьэвжокъуэ Людмилэ «Бещтокъуэ Хьэбас и усыгъэ дунейр» жьыхуIэр, Бетыгъуэн Еленэ и «Нравственно-философские проблемы в кабардинской поэзии о Великой Отечественной войне» тхыгъэхэр, нэгъуэщI куэдри.

Къэбэрдей-шэрджэс литературэмкIэ къудамэм и къарур мы зэманым хуэунэтIащ «XIX-XXI лIэщIыгъуэхэм я адыгэ тхакIуэхэр» библиографиехэр псалъалъэр зэхэзыхуэнэным. Ар адыгэбзэкIи урысыбзэкIи тхауэ щытынущ, инджылызыбзэкIэ тхыгъэ щыIэнущ. Псалъалъэм хьихьэнущ Хэкум щыпсэуа адыгэ тхакIуэхэм я щыщIэныгъэм и гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ теухуахэри.

ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщ1э,
къэбэрдей-шэрджэс литературэмкIэ къудамэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

БлэкIам дыпызыщIэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм, адрейхэми хуэдэу, тхыдэ къулей къызэранэкIыу зэпымыууэ къэгъуэгурыкIуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, тхыдэ-этнографие къудамэ къызэгъэпэщын хуейуэ ящу щыжаIар Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и советым и зэIущIэрщ (1926 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м екIуэкIам).

КЪУДАМЭМ къыщIэкIа ящэ лэжьыгъэхэр зытехуар блэкIа гъунэгъум къыщыкIуэ Iуэхугъуэхэрамэ (псалъэм папщIэ, Хэкум щекIуэкIа зэщIэхъееныгъэхэмрэ совет властыр зэрагъэувамрэ), 1930 гъэхэм къыщыщIэдзауэ щIэныгъэлIхэр нэхъ жьыжьэ мэлэбэ, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ пасэ зэманым зэрыпсэуар «къатIащI». АрщхьэкIэ лэжьыгъэхэр Хэку зауэшхуэм къызэтригъэувыIащ. Зауэм хокIуадэ институтым и библиотекэр, Iуэрыlуатэ, тхыдэ, этнографие къэхутэныгъэхэм я Iэрытхэри щыгъуэу.

1950 гъэхэм тхыдэмкIэ къудамэм и лэжьыгъэр щIегъэхуабжьэ, Iэщ1агъэлI гупыщIэ Iуэхум пэроувэри (КъумыкIыу Тыгъуэн, Гугу Рашад, Iулыдж Iустырхан, ХьэкIуащэ Евгений, ШыкъТамарэ). А илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэр томитI хьуу ятх.

1957 гъэм Москва къыщыдэкIащ «Къэбэрдеим и тхыдэр», 1961 гъэм - Балъкъэр лъэпкъым и тхыдэр къызыхэщIыкIыну тхыгъэхэр».

Институтыр илъэс куэдкIэ къэралым и щIэныгъэ центр пажэхэм ядэлэжьащ, а зэпыщIэныгъэхэм «Кабардино-русские отношения», «История Кабардино-Балкарской АССР» тхылъхэр къыдэкIуащ.

1960 гъэхэм къыщыщIэдзауэ тхыдэмкIэ къудамэр институтым и щIэныгъэ Iэнатlэ нэхъ пажэхэм ящыщ мэхъу. ЩIэж-щIэхыурэ Iэщ1агъэлIхэм я тхыгъэхэр газетхэмрэ журналхэмрэ къытрагъадзэ, адыгэхэмра балъкъэрхэмра я тхыдэм теухуауэ монографиехэр, тхылъхэр къыдагъэкI.

Кавказ Ищхьэрэмра Къэбэрдей-Балъкъэрымра я политикэ, экономикэ, социальнэ Iуэхухэм зэIумыбзу хэтым теухуауэ 1950 - 1960 гъэхэм щIэныгъэ зэхуэсыр куэд институтым къызэрегъэпэщ.

1970 - 1980 гъэхэм Iэхуущ1апIэм а хабзэ дахэм зрегъэубгъу, Москварэ Ленинградрэ я щIэныгъэлIхэм ядолажьэ. Къыщынэмыщ1ауэ, республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ а лъэхъэнэм зэрызыщIужьам и фIыгъэкIэ, зэфIэкI къззыгъэлъагъуэ тхыдэджхэм я бжыгъэм бгъэхъуат. Ауэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар щIэныгъэхэмкIэ и институтыр Кавказ Ищхьэрэм и щIэныгъэ центр, псоми я щапхъэ хъуащ.

ТхыдэмкIэ къудамэм и Iэщ1агъэлIхэр илъэс куэдкIэ елэжьащ курыт лIэщIыгъуэми иджырей эзманми и тхыдэм. Октябрь зэщIэхъееныгъэм, граждан зауэм, совет лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыхуэдам, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм я щIэныгъэ лэжьыгъэхэр, монографиехэр трауХуащ.

Институтым ди зэманми мыхьэнэшхуэ ирет Хэку зауэшхуэм епха къэхутэныгъэхэм. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а зауэм и щхьэусыгъуэмрэ зэрекIуэкIамрэ теухуа хъыбар нэпцIхэмкIэ ди тхыдэр зыкудэну хуейхэр, Совет Союзым и ЛIыхъужьхэм я пщIэр ягъэпудыну хущIэкъуэхэр щыIэщ. Апхуэдэхэм пэжкIэ уапэщIэтын хуейщи, институтым а Iуэхугъуэхэр щыщIэныгъэхэр ирегъэкIуэкI, щIэблэм я гупсысэр еунэтI.

Институтым и тхыдэджхэм ягъэхъэзыра Фэеплъ тхылъыр щыхьэт тохъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зауэм кьимыкIыжахэм я бжыгъэм, я щIэ-унэщIэм. ЩыIэщ хъыбаршэу кIуэдахэри, уIэгъэм иIлыкIахэри. А псор зэжэгъэкIыным Iэщ1агъэлIхэр егупсащ. Фэеплъ тхылъыр томиплI хъуу къыдэкIащ, ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэхъуэ лэжьыгъэщ, мыхьэнэшхуэ зиIэщ, ди лIыхъужьхэм, Хэкум къыщыхьэщыжа дэтхэнэми я цIэр мыкIуэдыжьын, ящымыгугъупщэн ищIащи.

Фэеплъ тхылъым и Iыхьиплlми зэхэту республикэм и зауэлI 38046-рэ къыщыгъэльэгъуащ, цIыху мэхьыбэм зрагъэльагъуфIын хуэдэу, институтым ар Интернетми щхьэхуэу къыриIлъащ.

КIЭШ Заремэ,
иджырей тхыдэмкIэ къудамэм и унафэщI.
КХЪУЭЖЬ Заур,
ику ит лIэщIыгъуэмра иджырей тхыдэмкIэ къудамэм и унафэщI.

Нэхъ лъапIэр къыдгурыIуэмэ...

Къэбэрдей-Балъкъэрым и археологие щIэныгъэр зауэм ипэ илъэсхэм зэрызэфIэувар Миллер А. А., Ермоленко М. И., Иессен А. А., Деген Б. Е. сымэ я цIэм епхащ.

ЛЕНИНГРАД щIэныгъэлIхэм - Иессен А. А., Деген Б. Е., Круглов А. П., Пиотровский Б. Б., Подгаецкий Г. В., н. - къэхутэныгъэшхуэхэр Бахьсэн псыежэхэм (гидроэлектростанцыр щаухуэм) щрагъэкIуэкIырт, Налшык и Iэгъуэблагъэм щыт фэеплъ мывэхэр къапщытэрт. ИужькIэ «Материалы и исследования по археологии СССР» къыдэкIыгъуэм хэту, «Материалы по археологии Кабардино-Балкарии» тхылъыр дунейм къытехьауэ щытащ. Арщхьэкlэ республикэм и археологие щIэныгъэм нэхъ зыщIужьыкIар зауэр иуэхуа нэужь къыкIэлъыкIуа илъэсипщIырщ. Крупнов Е. И., Акритас П. Г., Ионе Г. И. я пашэу, институтым и Iэщ1агъэлIхэм республикэр пасэрей,ику ит лIэщIыгъуэхэм зэрыпсэуар къатIэщIын мурадкIэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIащ.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм (1997 гъэ пщIондэ) институтым археологиемкIэ и къудамэм и унафэщIу щытащ тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Чеченов И. М. А лъэхъэнэм къудамэм къыдигъэкIа «Археологические исследования на новостройках Кабардино-Балкарии в 1972-1979 гг.» тхылъым Дон Iуфэ Iус Ростов щекIуэкIа щIэныгъэ лжьыгъэхэмкIэ щIыналъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэм япэ нагъыщ зиIэ и щIыхь тхылъыр ящыщIыхуагъэфщащу щытащ (1989 гъэм).

1960-1980 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым археологиемкIэ и къудамэм зэфIэкI зиIэ щIэныгъэлIхэр щылэжьащ: Бетрожь Руслан, Батчаев Валерэ, КIэрэф Бетlал, Мизиев Исмэхьил, Нэгъуей Анатолэ. Институтым а илъэсхэм археологиемкIэ зэфIэкI зиIэ гуп зэщIигъэIуат. 1971 гъэм щегъэжьауэ институтым и археологхэр мыкъо-мыкIэу хэтащ Кавказ Ищхьэрэм и археологиемкIэ КрупновымкIи и фэеплъу екIуэкIа еджэныгъэхэм. Налшык апхуэдэ зэхуэс тIэу щрагъэкIэкIащ.

Мы зэманым къудамэм и лэжьакIуэхэм археологие къэхутэныгъэхэм къадэкIуэ Iуэхугъуэхэр ядж. Абыхэм ятеухуауэ монографие, тхылъ зыбжанэ дунейм къытехьащ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм яхэтщ Джулат Ипщэ, Маджар, Джулат Ищхьэрэ жьлэхэм я тхыдэм теухуа къыдэкIыгъуитI, «Северо-Западный и Центральный Кавказ в древности и средневековья (вторая половина II тыс. до н.э. - середина II тыс. н.э): обзор актуальных вопросов социально-экономического и культурно-этнического развития» лэжьыгъэр, н.

2012 гъэм къыщыщIэдзауэ къудамэм и лэжьакIуэхэм илъэс къэс къыдагъэкIын щIадзащ «Кавказ Ищхьэрэм и археологиемрэ этнологиемрэ» сборникыр. Абы къыщIэупщIэ хъуащ урысей Iэщ1агъэлIхэри. 2013 гъэм щIэныгъэлIхэм ирагъэкIуэкIащ «Адыгэхэм я щэнхабзэр - пасэрей,ику ит лIэщIыгъуэхэм» зыфIаща дунейпсо щIэныгъэ конференцыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и археологием зэрызиужьам емылытауэ, 90 гъэхэм я пэщIэдзэмрэ икуэмрэ къэралым ыкIыщыхуа зэхуэдэныгъэхэм я зэранкIэ, къудамэм щIэныгъэлI нэхъыфIхэр фIэкIуэдащ, уеблэмэ езы институтми щIэныгъэ экспертизэ иригъэкIуэкIыныр, археологие фэеплъхэм лъыхъуэныр зэпагъэуащ.

Мыр зи кьалэнхэм я Iуэху еплъыкIэр зэрызэтемыхуэм кьыхэкIыу, республикэм археологие мыхьэнэ зиIэ и фэеплъхэм лей кьатохьэ. 2016 гъэм и гъэмахуэм хъыбар ягъэIуащ зэман гъунэгъум Аруан жьлэм пэгъунэгъу щыт, метр 30-м нэблагъэ зи лъагагъ «Iуащхьэцэ» («Лесистый курган») бгыр Iуатхъун мурад щыIэу жаIэу. А Iуащхьэшхуэмрэ абы теухуа Iуэхугъуэхэмрэ Нэгумэ Шорэ «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэ» тхылъым къыщыгъэльэгъуауэ щытащ, ахэр адыгэхэм я тхыдэм щыщ зы Iыхьэу. Арщхьэкlэ ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэмкIэ зыри зыми ечэнджащкъым. Iуащхьэцэр, кьапщтэмэ, археологие лъапIэнигъэ къудейкъым, атIэ тхыдэ фэеплъщ.

ИкIэм-икIэжьым, археологхэм мэзыр ирагупщыкIащ, абы и зэранкIэ Iуэрыlуатэм апхуэдизу щаIэту щыта Iуащхьэцэм и IуплъапIэр фейцей хъуащ. Лэжьыгъэм псынщIэу иужь щIихьам и щхьэусыгъуэу археологхэм кьагъэлъагъуэр хьугъуэфIыгъуэ кьэзыльыхъуэхэм ар зэтракъутэным зэрытешыныхьапщ. Дэ дызэреплъымкIэ, нэхъ тыншт икIи текIуэдэнури нэхъ мащIэт Iуащхьэцэр хъумэныр кьызэгъэпэщыным. Дэ дызэреплъращи, тхыдэ фэеплъхэм апхуэдэу уриджэгу хьунукьым. Дэ тфIэкьабылт Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэлIхэр хэту, тхыдэщIэнхабзэ щIэинхэр хъумэныкIэ Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я совет кьызэрагъэпэщыным. Абы щыгъуэм Iуащхьэцэм и натIэ хъуам хуэдэм адрейхэр щытхъумэфынут.

ФОМЕНКЭ Владимир,
пасэрей тхыдэмрэ археологиемкIэ къудамэм и щIэныгъэ лжьакIуэ нэхъыжь, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, доцент.

Адыгэ Iуэрыlуатэмкlэ къудамэр.


Бищ1о Борисрэ Хъуажь Фахъririрэ Анкара щекIуэкIа дунейпсо конференцым хэтщ. *(2006 гъэ)*

Къэбэрдей-шэрджэс литературэмкIэ къудамэм и лэжьакIуэхэр.

ЩIэныгъэ архивым и лэжьакIуэхэр: **Хъуажь Фахъри, Шопарэ ХьэIишэт, Опрышкэ Олег.**

Напэкlуэцlэхэр зыгъэхьэзырар БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Китайм и ахъшэр дунейпсо утыку йохьэ

Дунейпсо валютэ фондым (МВФ) кьигъэсэбэп ахъшэ лІэужьыгъуэхэм Китайм и валютэр хигъэхащ. Куэд дэмыкІыу Урысейм и Банк Нэхъыщхьэми апхуэдэ лъэбакъуэ ичынкІэ хъунущ.

МВФ-Р арэзы техъуащ китай экономикэм дуней псом уэкІыпІэшхуэ зэрыщІыгъыми икІи абы и юаныр щэн-къэщхунхэм куэд дыдэрэ къызэрыщагъэсэбэпыр. Иджы дуней псом зи экономикэр щыгнэхъ лъэщ къэралхэм юаныр къалъытэн хуей хъуащ. МВФ-м кьигъэсэбэп валютэ лІэужьыгъуэхэм юаным процент 11 щыхухахащ. Долларым процент 42-рэ къыпІос, евроэм процент 31-рэ, япониенэмрэ фунт стерлингымрэ дэтхэнэми процентти 8 къалъос.

ДяпэкІэ банк нэхъыщхьэхэм я мылъкур юанькІэ яхъумэну хуитщ. Урысейм и Банк Нэхъыщхьэм и валютэхэм китай ахъшэм къыщыпльысу щытар процент 0,1-рэщ. Ауэ иужьрей зэхуэхъкІыныгъэхэм иужькІэ, ЦБ-м юань нэхъыбэ къищэхуным техуха упщІэм МВФ-м жэуап къыщратакъым.

- МВФ-м къита хъыбарыр Урысейм и Банкым зэрызыхищІэм куэдкІэ елъытащ ди къэралым а валютэм зэрызыщижьынур, - жеІэ урысей банкхэм я зэгуэхэныгъэм и вице-президент Иванов Олег. Ар зэреплъымкІэ, ахъшэ лІэужьыгъуэщІэмрэ сомымрэ я зэхуэщытыкІэм теухуауэщ юаныр къызэрагъэсэбэнур.

- ЮанькІэ хэлъхьэныгъэ къыщыщІэупх хъуну Урысейм щыІэ банкхэм я бжыгъэр Іэпэкіэ къыпхуэбжьнущ. Абы техуэ процентхэр мащІэ дыдэщ - 1 процент нэблагъэркъым. Нэхъыбэу юаныр къэзыгъэсэбэпыр КъуэкІыпІэ Жыжьэм щыпсэуэрщ, - кьыпещэ Ивановым.

Юаным и къэкІуэнур иджыри гурыІуэгъэкъым. Иджырей зыужьныгъэмкІэ институтым Финансхэмрэ экономикэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Масленников Никитэ зэреплъымкІэ, дунейпсо финанс кризисыр къыщежьнур Китайращ. Абы техуауэ щыІэ шынагъуэм юаным и къэкІуэнур иубзыхунущ. «Дызыхуэкіуэ мазэ 12-м кьриубыдэу юаным и пщІэр ехуэхынкІэ хъунущ. А валютэмкІэ мылъку зезыхьэну хуейкэр Китайм бизнес Іуэху щызэзыхуэзщІ», - жиІащ Масленниковым.

Юаныр къэгъэсэбэпым техуха Іуэхур урысей банкхэм нэхъыбэу зытращІыхьыр Урысеймрэ Китаймрэ зэхуэдэ экономикэ зэпыщІэныгъэщ. Мэкъуу биржэм зэрыщыжаламкІэ, илъэс блэкІам и щыщхьэІу мазэм ди къэралхэм зэдащІащ сом меларди 191-рэ, фокладэм - сом меларди 150-рэ хуэдиз зыхуэзэ сату. 2016 гъэм а бжыгъэхэм хуабжьу кІэрыхуащ: сату зэпыщІэныгъэр щыщышлэм инхъэлІэу сом мелард 61-м хуэкІуащ, мэкъуаузгъэуэм сом мелард 40-м нэс кьеухэхащ.

ЗУБКОВ Игорь.
«Российская газета»

Индыл-Тэн псыжапІэ кІэнауэр къызэрежьар

Кхъухьхэр щызекІуэ Индыл-Тэн (Волгэ-Дон) псыжапІэ кІэнауэр СССР-м 1952 гъэм къыщыдзэІуахащ. Абы зэпещІэ Волгоград къэлэм щыІэ Индыл псымрэ Калач щыІэ Тэнрэ. И кІыхьагъыр километри 101-рэ мэхъу, кууагъыр метри 3,5-рэ нэхъыбэ нэхъ мащІэнукъым, псыІущІэ 13 иІэщ. Абы техьэфынущ хьэлъагъыу тонн 7000 хуэдиз зэрылъ кхъухь. 2009 гъэм псори зэхэту зэпрашауэ щытащ хьэлъэу тонн 13200000-рэ. НобэкІэ абы хьэлъагъыу а кІэнауэм илъэсым кьриубыдэу щыбгъэІэпхъуэ хъунущ тонн 16500000-рэ.

ПСОРИ щыгъуазэщ Индыл-Тэн псыжапІэ кІэнауэр къызэІухьин гупсысэр япэ дыдэу XVI лІэщІыгъуэм кьызэрыунэхуар. А зэманым Уэсмэн къэралыгъуэм цІэрыІуэ щыхъуат Къасым-пэщэр. Ар адыгэ лъэпкъым кьыхэкІащ, жанейш. Пэщэм зэрихьэрт «дефтердар» цІэ лъапІэр. Дефтердар рангыр кьыхуагъэфа-щэу щытащ шэрджэс лъэпкъым кьыхэкІауэ сулъпІаным и цІхьэхуитыныгъэр зыльытэ языныкъуэ адыгэ узрекъхэм. «Sikki sani defterdari» - мыращ Къасым-пэщэм и ранГыр. Sikki псалъэм «зихи» жиІэу кьоКІ. АбыкІэ алыджхэмрэ италькнхэмрэ адыгэхэм еджэрт. Sani-м «жэней» жиІэу кьоКІ.

Къасым-пэщэм 1563 гъэм СулътІан Сулейман Кануни (Сулеймэн Великолепный) иригъэлъэгъуауэ щытащ Тэнрэ Индылрэ зэпыщІэныгъэ кІэнауэр ухуэныи и проектыр. Ауэ ар гъэззэщІэным щыпэрыувар 1569 гъэрщ- СулътІан Селим II (Сулейманэ и къуэм) и тетыгъэрщ. А ухуэныгъэм и зэран екІынут Персымрэ (иджы Иранщ) Урысеймрэ. А ухуэныгъэр кьызэтригъэвыІэн папщІэ, урыс пащтыхьым перс шахым и посольствэм хуигъэхьащ уэсмэнхэм бжыгъэр процент 50-м ноблагъэ, - жеІэ лэжьыгъэр кьызэгъэпэщыныкІэ дунейпсо зэгуэхэныгъэм Мэкъуу щиІэ къудамэм и унафэщІ Пушкин Михаил. - Ди къэралым и къалэшхуэхэмрэ промышленностым фІыуэ зыщиужьа щыналъхэмрэ щыпсэуэхэм я Іуэхур нэхъыфІщ. Абыхэм лэжьапІэншэхэр щымащІэщ.

ЩІалэгъуалэм я ІуэхуэхэмкІэ къэрал ІэнатІэм и къэпщытэныгъэхэм ятепщІыхьмэ, иджыпсту Урысейм щопсэу зи ныбжьыр илъэс 14 - 30-хэм ит цІыху мелуан 25-рэ. Абыхэм ящыщу мелуани 3,5-р лэжьапІэ зымыгъуэт щІалэгъуалэщ.

ГРИГОРЬЕВ Александр.
«Московский комсомолец»

Котляров Виктор студентхэм яІущІащ

Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхьилъ тедзапІэм и унафэщІ. Урыс географие зэгуэхэныгъэм. КъБР-м и ТхакІуэхэм я союзым и правленэм хэт Котляров Виктор Сокуров Александр и творческэ хэщІапІэм КъБКъУ-м и студентхэм щахуэзащ.

УНИВЕРСИТЕТЫМ егъэджэныгъэ ІуэхуэхэмкІэ и проректор Къэжэр Артур жиІащ я зэІущІэр КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий и жэрдэмкІэ, студентхэр щІыхь зэрыщІагъуэнхэм яІугъэщІэным хуэгъэпса циклым хэту, къызэрыщагъэпэщащэр.

Лъахэхутэ щІэрыІуэ Котляров Виктор географ, тхыдэдж, филолог ныбжьыщІэкІэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм, и щІыпІэ дахэхэм, езым и къэхутэныгъэхэмрэ экспедицэхэмрэ я гугъу яхуищІащ. КъБР-м кьыщагъуэта бгъэунщІагъэхэм ятеухуауэ гъэщІэгъуэн куэд кьащІащ студентхэм. Гитлер Іуащхьэмахуэ кьиГэЗыльрыщІэну щыІэхтар, дунейпсо мыхьэнэ яІэу ди дежи щекІуэкІэ зауэхэр, Тамерлан Іуащхьэмахуэ дэкІыфарэ дэмыкІыфарэ, нэгъуэщІ куэдми тепсэлъыхьащ ахэр. Псом хуэмыдэу ныбжьыщІэхэм яфІэгъэщІэгъуэн хъуат алмэстыхэм ятеухуа хьыбарыр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр щІыналъэ тепщІыхьащ. Ар фІыуэ плъагъун щхьэкІэ къэпщІыхун хуейщ. Фи плъахэр фІыуэ флъагъу, фэ а зы хэкурщ фиІэнур, - захуигъэзащ Котляров Виктор ныбжьыщІэхэм.

Апхуэдэ зэІущІэхэр еджэгъуэ зэманыр иухыху КъБКъУ-м щрагъэкІуэкІыну я мурадщ.

БРАЙ Марие.

● Хьэлэмэтщ

ятэщІэтыным ехьэлІа зауэ зэгуриІуэныгъэ зэщІыпІэнымкІэ тхыгъэ. А Іуэхугъэр и фейдэ хэлъу кьыгъэсэбэпыну и ужь ихьащ Григорий XIII Урым Папэри. Абы и эмиссарэхэр иунэтІащ Мэзкуурэ Тебризрэ.

Абыи кьыщымынэу, псыжапІэ кІэнауэр ухуэным пэщІэуващ кърым-хъан Долэт-Джэрии. Ар шынэрт Уэсмэн къэралыгъуэм и Іуэмтым щІэувэн хуей хъункІэ икІи ухуэныгъэр кьебгъажьэ мыхъуным тригъэчныхьырт. Ауэ Истамбылым и текІуэзэныгъэ ткІийкІэ ар арэзы техьэщащ мы Іуэхум, ауэ щыхъуКи Къасым-пэщэм и проектыр лъэныкъуэ зэрыригъэзыным хущІэкъу зэпытт. Апхуэдэу, Индыл-Тэн псыжапІэ кІэнауэм и проектым екьэлІа япэ экспедицэр кьызэпащащ.

Илъэсхэр блэкІащ, уеблэмэ илъэс щэ бжыгъэхэр кІуащ. XX лІэщІыгъуэрщ ар щауэхуар.

ПЩЫБИЙ СулътІан.

● Бахъсэн щІынатІэ

Нэхъыжьхэм - гулъытэ

Зи ныбжь хэкІуэтахэм я дунейпсо махуэм и щІыхькІэ, жэпуэгъуэ мазэ псом Бахъсэн районым Іуэхугъуэ гуапэхэр щекІуэкІынущ. «ГущІэгъу» фІэщыгъэм щІэту. Абы иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ Бахъсэн районым щІыхуэхэм социальнэ Іуэхутхьэбзэ щыхуащІэ и центрым.

ЗИ ЗАКЪУЭУ псэу щІыху 360-м Іуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэжэ щагъуэт мыбы. Псалъэм папщІэ, мы мазэм абыхэм я унэ щхьэгъубжэхэр зыхуей хуагъэзэнущ, фІэІыгъэхэр хуагъэхьэзырынущ.

Къыхэгъэщыпхьэщ социальнэ лэжьакІуэхэм школакІуэ щІыкІуэхэр щІэгъэкъуэн къаэзрыхуэхъунур. Зорыхабзэу, районым и ухажэ къэс щызэхуахьэсынущ зи ныбжь хэкІуэта нэхъ хуэмыщІахэм зэрадзІэпэкъуэн.

- Къуэдзэрэ щІэпхъаджагъэм и районым и пенсионерхэм-рэ ветеранхэмрэ я зэгуэхэныгъэхэм я унафэщІхэр. Іуэхум иращІэкІыну зэхъыхьэхэр пшыхькІэ щІэзыхьащІыжынущ Куба къуажэм ЩэнхабзэмкІэ и унэм.

ЧЫЛАР Аринэ.

● Мылъку

Унэ къэпщэхун щхьэкІэ

Фэтэр къищэхун щхьэкІэ, урысей щІыхум илъэситхукІэ ахъшэ зэхуихьэсын хуейщ. Абы папщІэ зыхуигъэныкъуэн хуейщ зэфэнми, ишхыми, щыгъыныщІэми.

АПХУЭДЭ гупсысэм хуэкІуащ «Финэкспертиза» компаниемэ я къэхутэкІуэхэр. Абыхэм зэхуагъэдащ псэупІэм и метр зэбгъуэнатІэм ику ит и уасэмрэ щІыналъхэм ику иту щат улахуэмрэ. КъэхутэныгъэхэмкІэ, ди къэралым и ІыхьхэмкІэ зы мазэ улахуэм кьащІэкІыу кьащІэхуфынур метр зэбгъуэнатІэ 0,64-рэщ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, ику ит, метр зэбгъуэнатІэ 35-40 зи инагъ, зы пэш фІэкІа мыхьэу зэбгъуэнатІэ кІуэр илъэситхукІэ телъэжьн хуейщ.

Апхуэдэу щытми, къэралым и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм псэупІэм и уасэхэм зэщхьэщыкІыныгъэшхуэ щаІэнкІэ хъунущ.

- ПсэупІэ уасэмрэ улахуэмрэ зэщхьэщыкІуэ щІыналъэхэм ящыщу Ямало-Ненецкэ автоном округыр - зы мазэ улахуэм метр зэбгъуэнатІэ 1,42-рэ кьащІокІ, Магадан областыр (1,22-рэ), Ханты-Мансийск автоном округыр, Тюмень областыр. А щІыналъэ ипІращ зы мазэ улахуэкІэ зы метр зэбгъуэнатІэ нэхъыбэ кьыщІэпхуэщхуфынур, - щыжаІэ «Финэкспертиза»-м.

Улахуэмрэ псэупІэ уасэмрэ нэхъ зэщхьэщыкІныгъэшхуэ щыщІэзэхэм ящыщу Мэзкуу кьалэн (метр зэбгъуэнатІэ 0,39-рэ зы мазэ улахуэм кьыщІокІ), Приморскэ краймрэ Новгород ищхьэрэ областымрэ (0,42-рэ).

Ауэ хъыбарыфІхэри щыІэщ: къэралым кьыщежьІэкІ кризисым кьыхэкІыу Урысейм и щІыналъэ куэдым псэупІэм и уасэр ику иту процентти 8,8-кІэ щехуэхащ. Ар илъэситІ ипэкІэ щыІа уасэхэм ебгъапщэмэщ.

БЕЛЯКОВ Евгений.
«Комсомольская правда»

Планэпэр зыгъэхьэзырар
ЖЫЛАСЭ Замирщ.

● Гъуэгухэр

НэхъыкІэхэм хабжэ

Иджыблагъэ екІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, Урысейм и Іуэгухэм я щытыкІэмкІэ дуней псом 123-нэ увыпІэр щиІыгъщ, 140-м ящыщу. Жэуап зыхь унафэщІхэм зэрыжаІэмкІэ, ди Іуэгухэр щІэмыхьэнэншэр абыхэм яхуэфэщэн мылъку къэралым къаэзрыхуимыутІыпщырщ. Ауэ, къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъагъэмкІэ, асфальтым сом мелардхэр щІрагъубыдэ. Сыт-тІэ ди Іуэгухэр тэмэму щытыным зэран хуэхъур?

Имаевэ Мидэ, Іуэгухэм я шынагъуэншагъэмкІэ инженер, Башкортостан:

- Щхьэусыгъэуэр зэпхар дунейм и щытыкІэракъым, унафэщІ куэдым ар телъхьэпІэ ящІ пэтми: уэсым, уэшхым, температурэ зэызыхъэжьым асфальтыр Іисраф ящІ. Ди дежкІэ ар хабзэ щыхъуауэ аращ - нэхъыбэ зэхэдгъэныр икІи Іуэгуэр нэхъ псынщІэу Іей хъужьи хуэдэу зэбгъэзэхуэжьныр. ИкІи апхуэдэхэм зы тезыри тралъхьэрхъым.

Си ІэщІагъэм щыхьэкІкІэ, сэ фІы дыдэу сыщыгъуэзащ Іуэгу тэмэмыр зэрыщытын хуейм. Пшахъуэ къудейуэ абы телъыпхъэщ сантиметр 12 нэхърэ мынэхъ мащІэ, мывэкІэщхъуэ сантиметри 6, асфальтыр Іушэ мыхъун щхьэкІэ сеткэ хэха халъхъэ. А псоми телкІуэдэн мылъку къэралым кьеУтІыпщ, ауэ лэжьыгъэм нэмыс щыкІэ и ныкъуэр мэкІуэд. Абыхэм щхьэусыгъуэ зыбжанэ яІэщ.

Япэ щхьэусыгъэр - къэрал контрактхэм я зэхэубгъэкІэрщ. Лэжьыгъэр игъэзэщІэну дзыхь ирагъэз ар нэхъ пуду зэфІэзэгъэкІыну кьэзыгъэгугъэм. Инэхъыбэм ар лэжьакІуи техники зимыІэ ІуэхущІапІэщ, абы сыт хуэдизкІи уасэм кІэригъэхуфынущ, ауэ лэжьыгъэр тэмэму игъэзэщІэнукъым. Апхуэдэ гуэгуэр зэрытелъынур япэ къэпщытакІуэхэр кьэкІуэхункІэщ е зы трактор иригъэхуэнкІэщ.

ЕтІуанэ щхьэусыгъуэр - зэхадгъэпэщ. Пшахъуэмрэ мывэкІэщхъэмрэ машинэ-машинэурэ лъэныкъуэкІэ йокІуэкІ. Илъэс пщІы бжыгъэкІэ я щэнтжьейхэм иц унафэщІхэм мывэкІэщхъэр хуэныкъуэ гуэрым хуаутІыпщ.

ЩытыкІэр зэпІэзэрыт пхуэщІыжыну? ГИБДД-м и лэжьакІуэхэм ар зыкІи къафІэІуэхукъым, абыхэм я жэуапыр зыщ: «Псори тэмэмщ, къыфщІыхьуауэ аращ». Ауэ абыхэм яхуэзэфІэкІынут Іуэгуэхэр пэж дыдэу зэрыщытынхъэм трагъэтыну, ІуэхущІапІэхэм дыгъуэн щагъэту лэжьыгъэр нэгъэсауэ ирагъэгъэзэщІэну.

ЗВЕРЕВЭ Марие.
«Аргументы и факты»

Хущхъуэхэм я уасэхэм ягъэпІейтей

Урысей Федерацэм и Къэзыбж палатэм зэхигъэкІын щІидзащ къэралым и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хущхъуэхэм я уасэхэр щІыщІэзэтемыхуэм и щхьэусыгъэр.

СТАЦИОНАРХЭМРЭ льготэ зиІэ цІыхухэмрэ къызэгъэпэщыным теуха программэхэмкІэ щІыналъэхэм хущхъуэ къащэху. ИкІи, фейдэ нэхъыбэ къахуищІын папщІэ, куэд тралъхьажурэ уасэхэр драгъуэй. УФ-м и Къэзыбж палатэм и Іэтащхьэ Голиковэ Татьянэ зэрыжиІэмкІэ, зэгъунэгъу щІыналъэхэм хущхъуэ уасэхэр хуэдиз 3-4-кІэ щызэщхьэщыкІыныкІэ хъунущ.

- Хущхъуэхэр къызэращІэжу уасэхэр зэрыщытын хуейм нэхърэ нэхъ лъапІэу къызэрыщІыкІам и зэранкІэ, къэтпщыта щІыналъитхэм ярІэнкІуэдащ сом мелуан 50-м щІигъу», - кьыхихгъэщащ Голиковэ Татьянэ.

2015 гъэм кьриубыдэу узыншагъэр зыужьмэныкІэ Іуэхущ Іапі эхэр хущхъуэхэкІкІэ къызэгъэпэщыным сом мелард 309-рэ текІуэдащ, ар иПэ ита илъэсхэм нэхърэ процентти 10-кІэ нэхъыбэщ. Бюджет мылькур гъэмэщІэным теуха программэм ипкъ иткІэ, ар тэмэму къэгъэсэбэпынур гулъытэшхуэ зыхуэныкъуэщ.

Узыншагъэр хъумэныкІэ Іэмалыншэ хущхъуэхэм фІэкІа къэмыщхуным теуха хабзэр щІыналъэхэм къызэпуад. А лІэужьыгъуэхэм я уасэхэми кІэльопль: къыдзэгъэкІым зэрищэн уасэр тригъэувэн хуейщ, абы тралъхьажьнум и унафэр зыщІыпхъэр щІыналъэ унафэщІхэрщ. Хущхъуэ щІэзыщІэ хущхъуэр къыддэзыгъэкІам хуигъэува уасэм нэхърэ нэхъ лъапІэу къащІахуауэ щатх.

- Ауэ Мэзкуурэ, псалъэм папщІэ, Камчаткэрэ хущхъуэхэм я уасэхэр щызэхъуэдэнукъым, - зэпкърихащ Фармацефт Іуэхущ Іапі эхэм я профессионал зэгуэхэныгъэм и Іуэзэщ Іакі уэ директор Титовэ Лилие. - Уеблэмэ, зэгъунэгъу щІыналъэхэм кьызэращэху Іэмалхэр зэхуэмыдэкІэ хъунущ. Абы кьыхэкІкІэ, уасэхэри зэщхьэщыкІынущ. Псалъэм папщІэ, зы хущхъуэ лІэужьыгъуэр завод 30-м нэблагъэм кьыщыщІагъэкІыфынущ - ар зэращІ Іэмэпсымэри, кьызыхащІыкІыр кьэзышэри, и уасэри зэхуэдэнукъым. Къэралым кьызэрищэку щыкІэмки куэд елъытащ. ЩІыналъэм илъэс псокІэ зрикъун хущхъуэ зэрэ кьищхъумэ, абы зы кьэс техуэ уасэр нэхъ мащІэнущ, квартал кьэс щхьэумэ - нэхъ лъапІэущ кьызэрикІынур. Зы лІэужьыгъуэ куэд кьащхъумэ, абы и уасэр йохуэж, щІэупщІэр мащІэ хъуамэ - уасэм хохьэ.

Титовэр зэреплъымкІэ, къэрал закупкэхэр зэрырагъэкІуэкІ щІыкІэм кІэлъыплъын хуейщ - абы щегъэжьауэ хабзэр кьыщызэпаудри нэхъ мащІэ хъунущ. Абыхэм ехьэлІа хабзэхэри егъэфІэкІуэн хуейщ. Кьэзыбж палатэм кьихилъхьащ нэхъ лъапІэ дыдэ хущхъуэхэкІхэм яхуэбгъэув хъуну уасэхэр убзыхупхъэу.

НЕВИННАЯ Иринэ.
«Комсомольская правда»

● Узыншагъэ

Фэеплъ зэхьэзэхуэ

Къэрал кІуэцІ Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьакІуэхэу зи къалэн зыгъэзащІэу хэкІуэдахэм я фэеплъ футбол зэпеуэ Дзэлыкъуэ районым щекІуэкІащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР къызэІуихащ Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ районымкІэ и къудамэм и унафэщІ Вэрылі Мурат:

- Хабзэхъумэ Іэщ Іагъэр сыт щыгъуи нэхъ щынагъуэ зыпылъхъэм ящыщу къокІуэкІ. Полицэм и лэжьакІуэхэр я ГъащІэм емыблэжу махуэ хэсэ щІэпхъаджагъэмрэ терроризмэмрэ ткІийуэ пэщІэту. Ди жагъуэ зэрыхъуащи, хэщІыныгъэ диІэщ, - кьыхихгъащ Вэрылі. Зэпеуэм хэтхэм узынщагъэ быдэ яІэну, ехьулІэныгъэ зыІэрагъэхьэну ехьэхъуэщ.

Зэпеуэм кьрагъэблэгъат хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэр. Абыхэм мы Іуэхум и къыззэгъэпащІахуэми зэхьэзэхуэм хэтхэми фІыщІэ хуащІащ, я ныбжьэгъуэр зэращымыгъупщэм папщІэ.

Іуэхум зыкъэрагъэхьэлат Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ районымкІэ и къудамэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Урысмамбэт Шафихь, ветеранхэм я советым и унафэщІ Щоджэн Борис, хэкІуэда хабзэхъумэхэм я ныбжьэгъуэхэмрэ Іэщ, - кьыхихгъащ Вэрылі.

Фэеплъ зэпеуэм командий хэтащ. Зэхьэзэхуэм бжыпэр щызыубыдахэм, хэтахэм кубокхэр, фэеплъ футболкхэр, медалхэр, саугъэт лъапІэхэр ирагащ.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

● Гу зылъытапхъэ

Инджылызыбзэр зэвгъэщІэну фыхуеймэ

Илъэс 30-кІэ Америкэм щылажьа егъэджакІуэм инджылызыбзэкІэ хунту фыгтэу, фыкъеджэу икІи фыпсалъэу фригъэсэнущ.

Ар ядолажьэ:

- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-м ит сабийхэм;

- студентхэм, балигъхэм, бизнесменхэм.

Курсым зезыгъэтхъэр тхьэмахуэм щэ кьекІуэлІэнущ, тхьэмахуэ зэхуакуи 5-кІэ еджэнущ. Япэ дерсыр щІэнщэу щытынущ.

Инджылызыбзэ зыдыкъыну хуейхэр 8-967-417-78-85 телефонымкІэ фыпсалъэ хъунущ.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур жэпуэгъуэм и 8-рщ.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфіыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Кьардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ І Иэ.

Езыгъэтхэхэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядолажьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГыкІыр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм № Н-0065-м щІэту я ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ хъыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня,** *ректору* **Хьэжыкъарэ Алик,** *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4, 6-нэ нап.),* **ІкъытІыкІ Аэзмэт** *(1, 2, 5-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Ныр Саидэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.414 ● Заказ №1558